

*Sezon sechrès Ayiti*  
(*Saison sèche en Haïti*),  
roman en créole haïtien  
2ème éd., 2004  
(1ère éd., 1994)  
ISBN 0-938534-27-0)  
© Emmanuel W. Védrine

*Tande kri peyizan yo!*

*Grangou pa dous  
Grangou ap touye nou  
Yo vòlè tè nou  
Pri manje monte bwa  
Lapli pa tonbe  
Nou bezwen ponp dlo  
Pou wouze tè yo  
Peyizan yo ap pati  
Al lòt peyi  
Yo kouri dèyè yo lòtbò dlo  
Epi yo kontinye ap pran dlo  
Men se pa fòt yo  
Krim tribòbabò nan yon peyi  
Fòk nou rebati Ayiti  
Fòk mizè ak krim  
Fini  
Ayiti!*

## PREMYE CHAPIT

*Depi maten an yon grangou ap pete fyèl mwen. Lontan moun te konn jwenn vye mango, vye zaboka bò chimen yo men kounyeya menm chen pa jwenn bagay sa yo pou manje. Yo koupe tout bwa yo pou fè chabon pou voye vann Pòtoprens. Ala mizè moun ap sibi, ala traka n ap pase! Lapli pa tonbe, vye zèb pa pouse, bét yo pa manje. Te konn gen manje nan tan lontan lè m te jenn ti bway. Jaden yo te konn tèlman donnen, li te difisil pou te jwenn moun ede ou keyi pwa, kase mayi, fouye patat. Kounyeya, menm pale yon nom pa ka pale de rekòt sa yo ankò; se kòmsi m ta di se reve yon nom ap reve lè ou chonje bagay sa yo. Gade mizè peyi a Bondye!*

(Dyelifèt) — O! Konpè Deliram, kouman nèg ye? Apa m wè w ap plenyen, w ap pale pou kò ou. Sa k pase ou konpè m?

(Deliram) — Konpè Dyelifèt monchè gen defwa yon nom dekouraje ak lavi a ou pa konn kisa pou fè. Depi maten an yon

grangou ap pete fyèl mwen; trip mwen ap kède. Se ak yon kòs bannann mwen mare ren m pou m ka kanpe. M pa ka jwenn anyen pou m manje. M ap di jan Kapòl te bèl nan tan lontan; moun te konn jwenn vye mango, vye zaboka bò chimen yo men kounyeya se yon sechrès tout kote ou pase nan peyi a. Lapli pa tonbe ankò, moun pa ka plante, larivyè yo pa desann. Ou te konn jwenn kribich ak pwason pou fè bouyon fèy pou kenbe ou. Ou pa t ka leve yon nas ak yon sèl men; li te tèlman lou, pwason ak kribich te konn fè mikalaw ladan I. Konpè se mwen ki konnen kouman lavi a te dous lè m te piti. Yon nonm kounyeya pa konnen sa pou fè. Lòt frè m yo pati al koupe kann Nanpanyòl, mwen pa janm pran nouvèl yo. Akòz fanmi mwen, m bije rete isit. Mwen pa vle annik leve pati kite madanm ak timoun yo dèyè. Mwen gen sis pitit epi madanm mwen gwòs prêt pou akouche. Se ta yon krim si m ta pati al Nanpanyòl pou m kite yo dèyè. Sa ta

ka pi mal pou yo. Omwen yo gen espwa lè yo wè papa yo la, I ap dangoye pou I ba yo manje. Timoun yo fin gran; mwen pa gen lajan, mwen pa gen anyen pou m ta vann pou voye yo lekòl lavil. Pa gen okenn lekòl gratis kote ou ta foure yo. Mwen pa yon nonm save, m pa konn pale franse men mwen toujou di Wozita m ta renmen wè timoun yo ale lekòl yon jou pou aprann li ak ekri paske denmen yo ta ka li oubyen ekri yon vye papye tè pou nou. Wozita se yon fanm Bondye ban mwen pou ede m ak timoun yo. Nan kèlkeswa pwoblèm nan, manpzèl pa janm lage m. Lè m dekouraje, li di m: «Deliram, se gason ou ye; mete nanm, mete nonm sou ou; sentre ren ou!». Se sa k ban m kouray ki fè m kenbe m ap viv toujou. Vye kò a koumanse ap tyoule, laj ap antre sou mwen, mwen prèske fin blanchi. Mwen pa ta renmen wè timoun yo ap pase mizè lè m mouri. Mwen ta renmen wè yo gen yon bél avni, yon denmen miyò. M ap priye Bondye

pou m wè si m te ka jwenn yon ti kòb pou yo ta pran kanntè pou al Miyami. Konsa tèt mwen ta poze, yo ta gen yon pi bon vi nan peyi blan yo. Y ap ka travay lòtbò a, y ap manje vant plen chak jou. Yo di manje an gaspiyay nan peyi sa a; chen yo menm gwosè ak bèf tèlman yo manje. Yo di nan peyi sa a gen tapi tout kote nan lari; moun pa menm bezwen mache ak soulye. Se tankou yon paradi. Zafè senk kòb penich menm, yo di y ap gaspiye nan tout lari. Nan tout kwen, yo di se pa pil yo ye; pa egzanp si w ap goumen ak yon vakabon ou gen dwa ranmase yon ponyen senk kòb penich ou flanke l yon sabò. Se nan peyi sa a m ta renmen tout timoun mwen yo: Senpriyè, Sentou, Titoutou, Tipyè, Dyelimèm ak Dyemafi ye yon jou pou y al keyi dola vèt.

(Wozita) — Deliram, kote ou? Epa m pa wè ou nan kay la depi maten an!

(Deliram) — Mwen t ap fè yon pale ak konpè Dyelifèt pandan yon ti kadè sou pwoblèm nou ak sechrès nan peyi a.

(Dyelifèt) — Bonjou kòmè Wozita!

(Wozita) — Kouman ou ye konpè Dyelifèt?

(Dyelifèt) — Enben, sechrès la k ap minen nou men Bondye bon. Ayiti va delivre yon jou. Bondye ka fè tout abitan jwenn tè pou travay, dlo pou wouze tè yo; konsa, tout moun va jwenn manje agogo. Moun nan bouk la p ap bezwen pran kanntè ankò pou al fè reken filalang. Yo p ap bezwen pase anba fil pou al Nanpanyòl. Peyi a fin tounen yon zosman, yon vye chwal do maleng chaje ak tik vè ak krabye ap pike. Kounyeya se zenglendo k ap pyafe, se yo k ap dirije. Y ap fè e defè. Se tankou yon epidemi rat k ap koupe kou poul, se tankou chen ki tonbe nan yon pyès mayi. Tout kote ou pase nan

peyi a, nan tout bouk ou ale se de krim y ap pale. Ou tandé y ap di: «Zenglendo yo te pase yeswa, yo vòlò bagay moun, yo fè kadejak sou pitit fi moun, yo touye moun ak lòt krim ankò». N ap mande jouk kibò bagay sa yo ap rive. Twòp krim fèt, twòp san koule nan peyi a se kòm yon malediksyon ki tonbe sou peyi a; se kòm yon lespri malefik k ap dirije peyi a. Swedizan chèfseksyon nan anpil kote, nan anpil bouk ou pase moun sa yo se yo ki pou ta bay abitan yo sekirite, se yo ki pou ta pwoteje nou, se yo ki pou ta ban nou limyè enpi ou wè se yo k ap lakòz anpil krim fèt. Nan tout bouk yo se menm penpenp yo, se menm yo menm yo. Mwen pa nan politik; ou konnen m pa yon nonm save men kòmè bagay yo ale twò lwen. Se tankou chen k ap manje chen lò ou gade moun sa yo. Bondye bon, fòk bagay yo chanje yon jou, fòk nou leve kanpe pou nou di nou pa kapab ankò. Yo ka touye nou, yo ka mete baboukèt nan dyòl nou pou nou pa pale de

abi y ap fè nou, pou nou rete békèkè men  
fout n ap pran nòt! Fòk nou fè yon tèt kole  
nan plizyè bouk pou di non se twòp atò nou  
pa kapab ankò. Fòk nou rive jwenn sa nou  
vle!

(Wozita) — Monchè, konpè Dyelifèt, ou se  
yon moun m renmen wè, m renmen tandem.  
Ou toujou ap bay moun ankourajman ak  
eklerasyon. Gen defwa mwen ak Deliram  
nou pa konn sa pou n fè. Tè yo pa bay ankò,  
lapli pa tonbe, pa gen manje nan peyi a. Men  
mwen di Bondye mèsi pou kouray li ban  
mwen kòm fanm. Chat dòmi nan fwaye dife  
lakay mwen prèske chak jou paske chodyè  
pa monte, chodyè pa desann. Mwen se yon  
fanm ki toujou ap ankouraje Deliram. Lè  
nou jwenn yon vye pay pou n manje, nou di  
Bondye mèsi. Bagay yo pa t malouk konsa lè  
m te jenn ti nègès. Lapli te konn tonbe  
souvan, tout bò chimen yo moun te konn  
jwenn vye tyaw pou fè machwè ou monte

desann. Kounyeya, menm vye pye mango, vye pye zaboka yo koupe tout pou fè chabon. Peyi a fin tounen yon dezè, yon savann kote ou pa menm ka lage bét paske yo p ap jwenn anyen pou manje. Tout kote ou pase se lafimen dife ou wè k ap moute nan syèl. Ni timoun ni gramoun tout tonbe nan komès chabon an pou voye vann Pòtoprens. Yo pa travay vye tè yo ankò. Lò ou byen gade, ou wè se pa fòt moun yo ki fè yo lage kò yo nan fè chabon men latè pa bay ankò, lapli pa tonbe, sechrès ap minen yo donk anpil moun bije pati al Nanpanyòl oubyen yo peye yon kanntè lage yo Miyami. Mwen te konn anpil moun nan bouk la ki gentan pati al koupe kann Nanpanyòl. Moun sa yo se pa renmen yo te renmen kite bouk la pou ale nan peyi sa a men ak pwoblèm sechrès la, yo bije pati. Anpil kite ptit ak madanm dèyè; fanmi yo pa konn si y ap viv oubyen si yo mouri Nanpanyòl. Pa gen pesonn ki pou ta ban nou nouvèl yo. Mwen

chonje lè m te jenn kouman nou youn te konn ede lòt nan kòve, jounen, bout kadè ak eskwad. Bagay yo pa t mal tankou kounyeya. Rèv mwen sèke m ta renmen wè menm moun sa yo, menm moun nan bouk la retounen isit yon jou. Mwen ta renmen wè nou tout k ap travay ansanm, nou jwenn tè pou n travay ak dlo pou n wouze tè sa yo. Mwen ta renmen wè chèfseksyon nan tout bouk respekte abitan yo paske tout moun se moun, vye moun pa vye chen.

(Dyelifèt) — Kòmè mwen se yon nonm kou m di ou la je m pa pete pou m wè pwoblèm peyi a. Mwen ka di ou kòmè m ke m pa konn siyen non m, mwen pa ka fè yon papye tè men mwen di Bondye mèsi pou de gress je l ban mwen yo pou m ka wè bagay yo jan yo ye a. Gen anpil abi ke chèfseksyon ap fè moun nan bouk yo, anpil zak malonnèt. Yo vòlò tè nou, yo fè anpil magouy pou mete pye sou kou nou paske nou pa konn li, yo

panse je nan tèt nou pete. Bagay yo p ap ka kontinye konsa fòk yo chanje.

(Wozita) — Gade Mèsidye!

*Mèsidye te kite bouk la lontan, li l koupe kann Nanpanyòl. Bagay yo pa mache byen laba a pou Ayisyen, y ap pimpe yo tounen.*

(Mèsidye) — Deliram! Se ou menm pitit gason m? Gade konpè Dyelifèt! Gade kòmè Wozita! Kouman ou ye kòmè? Ban mwen nouvèl timoun yo: Senpriyè, Titoutou, Tipyè, Dyemafi? Mwen bliye non lòt de yo.

(Deliram) — Dyelimèn ak Sentou.

(Mèsidye) — Se sa kòmè Wozita, Dyelimèn ak Sentou. Yo tout fin gran jennjan, jenn fi kounyeya?

(Wozita) — Yo fin gran timoun men yo p ap regle anyen serye. Nou pa gen lajan pou n voye yo lekòl. Yo la y ap bat mizè a ansanm ak nou. Anpil moun ou te konnen nan bouk la fin mouri paske pa gen manje pou yo manje, sa k pa t gentan mouri, pati al Miyami, Nanpanyòl ak kote ki rele Naso, Lagiyàn. Anpil fwa Deliram dekoraje paske pa gen manje pou bay timoun yo. Nou pa ka travay ti rès tè nou rete yo, lapli pa tonbe ankò, yo vòlò tè nou. Chèfseksyon ap fè nou abi.

(Mèsidye) — Adios mio\* ala traka! Kilè peyi a ap delivre tout bon vre? *Problema, problema\**...

(Wozita) — Kounyeya, konpè Mèsidye ou fin pale panyòl nèt. Kouman lòtbò a ye menm?

(Mèsidye) — Makomè, *tande ak wè se de*. Lè m kite isit, mwen te ale jouk yon kote yo rele Kwadèboukè, la pa lwen ak Pòtoprens.

Te gen yon nèg m te byen ak li; misye te konn fè vayevyen Pòtoprens. Konsa, misye te di m si m ba li yon ti kraze l ap regle sa pou mwen pou l fè m al Nanpanyòl. Bon, m te pran yon kout ponya nan men kouzen m nan Kenòl. Mwen kwè ou te konn misye. Yo di m zenglendo touye l yon senmenn anvan blan yo pimpe m tounen. Adye Bondye papa! Pòv Kenòl! Ak kòb sa a, mwen te bay zanmi m nan l pou l peye moun ki t ap regle bagay yo pou fè m pati. Finalman, sa te vin mache epi li mennen m Kwadèboukè kote yo mete nou nan yon gwo kamyon bwèt. M kwè ou konn wè gwo kamyon ki konn ap bwote pit ak vетivè sot Okay nan tan lontan. Kamyon sa a te chaje kou Legba ak Ayisyen ladan l. Nèg sa yo te soti nan tout rakwen peyi a. Lè m te pale ak yo, mwen wè yo genyen memm pwoblèm ak mwen. Yo t ap kite peyi a tou pou ale Nanpanyòl nan koupe kann. Konpè m, kòmè m si nou vle kwè m, kwè m. Lè m rive nan peyi sa a, se tankou m ta di

ou se nan esklavay yon nom te ye. Sa k pi rèd la w ap jwenn timoun dizan, onzan laj Senpriyè ak Tipyè k ap travay nan gwo chan kann. Yo travay kou bourik: maten, midi, sole kouche. Gen granmoun bab blanch mwen wè tèlke granmoun tankou tonton Pyè k ap voye koulin, lage kann atè, mare pakèt kann epi leve yo mete sou gwo kabwèt. Se bagay ki pou ta fè dlo soti nan je nou paske yon nom pa wè bagay konsa Ayiti malgre nou pòv se vre. Lè m rive lòtbò a nan batey kote yo mete m nan, mwen pa ka pale. Karang ap mode m, marengwen ap jwe vyolon nan tou zòrèy mwen, kochon ap pouse m pou yo kouche kòmkidire se plas yo m pran. Si isit te bon, si te gen gouvèlman tout bon vre Ayiti, gouvèlman ki rele gouvèlman tout bon vre, gouvèlman ki gen nen, frè m yo ak zanmi m yo pa ta sibi imilyasyon m sot sibi nan batey domikiken. Lòtbò a, Ayisyen pa ka pale kòmkidire pou ta di y ap fè yo abi. Ou tankou yon jenn

chwal y ap bosale; yo fout ou yon baboukèt 2 renn pou pa ponpe. Adye wi! Yo mete chèf panyòl ap veye nou tout lasentjounen. Gwo zam nan men yo tankou m ta di ou lè tonton Pyè ap rakonte n istwa nan tan lontan ke granpapa l te konn rakonte lè pye zansèt nou yo te nan chenn; kolon yo ak gwo fizi ak fwètkach ap veye yo. Nan tan n ap viv kounyeya, anpil Ayisyen k ap viv isit pa konnen si gen Ayisyen ki nan esklavay toujou Nanpanyòl. Si yon nèg ta gen malè ouvè bèk li kòmkidire chèf panyòl aji mal avè l, nèg sa a se gwo chans ke l ta genyen pou chèf sa yo ta di l *callate\** san yo pa ta bay misye kèk pataswèl. Gouvèlman ayisyen ki te la yo konnen nou pa nan paradi lòtbò a. Poukisa yo pa t pale ak gwo chèf dominiken yo oubyen ak gwo chabrak *Safra\** yo pou yo ta konsidere n kòm moun, pou yo ta okipe nou, ban nou bon kote pou nou ta dòmi, laswenyay pou sante nou e tandòt bagay Ayisyen yo bezwen. San nou menm nèg,

lajan pa t ap antre Nanpanyòl, tout kann yo t ap kanpe dibout menm chèf sa yo k ap abize nou, pa t ap gen lajan pou peye yo. Si depi isit Ayiti Tonma gwo chèf, gwo chabruk yo te respekte nou menm abitan, yo pa ta maltrete nou lè nou rive Nanpanyòl paske se ede n al ede yo. Malgré tou, w ap jwenn kèk Dominiken ki gen kè touchan lè yo wè mizè n ap pase. Gen yon gwoup jenn Dominiken ki te vin manifeste yon lè devan 2 batey ki pa tèlman lwen ak pa m nan, yo t ap mande pou gouvèlman yo amelyore kondisyon Ayisyen yo ap viv. Chèf te poze lapat sou yo, kale yo byen kale. Lè n te wè sa, nou wè tout Dominiken pa menm. Genyen ki sousye de Ayisyen tou. Mwen pase dizan lòtbò a mande m sa m regle m pa konnen. Ti lajan yo peye m nan, menm kote a mwen depanse l pou m manje. Gen defwa mwen pa menm rete anyen pou m ta jwe yon tèt lotri. Gade yo pimpe m tounen isit! Yo vòlò tout afè m. Mwen pa menm antre ak 2 kòk

panyòl. Se yon bagay grav. Yo pouse do anpil lòt Ayisyen m te rankontre Kwadèboukè ki ta prale nan menm kamyon ak mwen. Sa k pi rèd la, zenglendo panyòl yo vòlò afè nou tout. Yo antre nan batey kote n te kouche yo; malandren yo fè piyay nan bagay nou. Anpil nan nou se ak de men vid nou antre. Te gen yon gwo popilas Ayisyen ki te gentan fè wout bwa y al tonbe Jakmèl anvan yo te mete lapat sou yo. Se konsa sitiyasyon an ye lòtbò a lè m kite. Ayisyen vin tounen chat mawon. Yo nan kache, sa k ap pati, pase lòt kote pou antre Ayiti pou pa gen tan kenbe yo. Si yo kenbe ou, y ap maltrete ou epitou ou p ap gentan pran anyen. Se kòmsi m ta di w istwa Ayisyen Kiba lè tonton Pyè te konn rakonte nou kouman yo te pati dèyè yo tankou chen k ap chase chat mawon. Nou pokò janm pati; si tonton Pyè te la, misye t ap gentan konprann mwen. Li te di l fè ventan Kiba nan koupe kann apre sa te gen

yon prezidan m kwè swa Baptista oubyen Batista misye te rele. Chen anraje sa a leve yon lè li mande pou tout Ayisyen bay Kiba blanch. Se lè defen Pyè ban nou istwa sa a, m aprann premye mo panyòl anba bouch li. Misye di lè sa a tout kote ou pase nan Kiba ou wè chèf k ap arete Ayisyen ak tout pitit yo pou pimpe yo Ayiti. Chèf kiben di Ayisyen yo: «*vamos para Ayiti*». Lè m mande granmoun nan kisa sa vle di. Li reponn: «ale Ayiti, fout retounen Ayiti!». Se te premye mo panyòl tonton Pyè moutre m. O Bondye, depi kilè nou menm Ayisyen ap pase mizè, ap pran imilyasyon nan men lòt nasyon? Kisa Ayisyen fè y ap peye? Ki malediksyon ki tonbe sou Ayiti Tonma? Gade bandi yo pimpe m isit; m pa konnen sa m pral fè. Mizè nan dengonn mwen tout kote m pase, mizè ak zenglendo fin touye mizi plan fanmi m. Kenòl ki te vye kouzen m ki te konn ede m men zenglendo touye I tankou rat ki koupe kou yon poul. Sa I fè ou

pa konnen. O, Letènèl papa! Kenòl nèg inosan, bon vye malere! Men kisa l fè pou zenglendo sanmanman sanwont san santiman yo touye !? Yon nèg ki pa janm enmègde pesonn. Misye se yon abitan ki te konn travay di; tout moun te respekte l nan bouk la menm chèfseksyon chat mawon magouyè Makout malpouwont te konn ap pale de byen pou li paske l te fè respè l. Li pa t janm nan kont, nan okenn tire pye ak pesonn. Mwen tandé zenglendo yo fè tandòt krim nan lòt bouk. Lè w ap gade pou wè bagay sa yo ap kontinye konsa nan peyi a, inosan k ap peye pou koupab, ansòm ou ka di anpil chèf yo ka byen zenglendo tou anbachal. Yon nonm pa konn mal ak fenmèl marengwen lè l ap vole. Li kapab posib paske yo pa janm di anyen nan sa. Se pa soud yo soud, yo tandé kri pèp la, yo tandé vwa abitan yo e yo wè san pitit peyi a k ap koule chak jou tankou yon larivyè tou wouj. Nan ka sa a, mwen pa ka di ke moun sa yo

inosan men se ti Jezi nan po krab, yon dal kabrit ki kouvri kò yo ak po mouton. Men fout, pwovèb la di ou: *bay kou bliye pote mak sonje!* Bagay yo p ap ka kontinye konsa pou toutan. *Lè yon fanm gwòs se swa / fè mòvèzkouch oubyen / akouche lè lè / rive.* Se youn oubyen lòt men l pa ka toulede.

(Wozita) — Se konsa ou di Nanpanyòl ye konpè m? Ou fè tout chive nan tèt mwen tresayi. Ou vle di m tout moun mwen te konnen nan bouk la sibi tout mati sa yo? Monchè, *tande ak wè se de vre.* Lè moun nan bouk la te konn ap pale de Nanpanyòl, yo pral Nanpanyòl, yo pral koupe kann Nanpanyòl se kòmkidire m ta di ou se nan yon paradi yo ta prale epoutan se nan yon lanfè yo ta prale. Pòv abitan ayisyen! Mwen memm kòm fanm, m ta pito reziyen mwen m rete isit pou m bat mizè ak Deliram ak timoun yo paske gen espwa ke Bondye kapab delivre Ayiti yon lè. Nanwen yon

priyè ki pa gen amèn, tout sa k monte ka desann, tout sa k cho ka vin frèt. Ou sot di yon bagay ki ban m anpil kouray: lè yon fanm gwòs, se swa l fè mòvèzkouch oubyen l akouche lè lè l rive. Se vre wi sa ou di a. Monchè ou menm ak konpè Dyelifèt se de moun ki toujou ap ankouraje moun; nou toujou la ap fè moun wè larezon nan bouk la. Kounyeaya, se tout peripesi sa yo ou sot pase konpè Mèsidye?

(Deliram) — Se konsa ou di lòtbò a ye konpè m? Ban m yon gress sèl Wozita pou m mete anba lang mwen! Se tout peripesi, tout kalvè sa yo ou sot pase? Monchè, mwen pa t vle di ou sa lè ou te fèk parèt la. Mwen chonje kouman ou te kite isit ak figi ou byen fre malgre bagay yo pa t pi bon se vre. Lè ou parèt la, m wè figi ou fin dechouse nèt ale. Mwen panse lòtbò a se te yon paradi jan Ayisyen ap kouri al koupe kann la epi se konsa ou di m bagay yo ye. Ou

di ke Ayisyen nan batey yo se tankou lè nèg ayisyen te nan esklavay. Tonton Pyè te konn rakonte nou istwa granpa pa I te konn rakonte I lè blan franse te mete granpa pa I nan esklavay, kouman yo te konn mete chenn nan pye yo, kale yo, fè yo travay kou bourik: maten, midi, sole kouche. M wè prèske pa gen gran diferans ant sa li te konn di yo ak sa ou sot rakonte de Ayisyen nan batey yo. Monchè, gen yon seri bagay yon nonm pa ta janm imajinen men, se lè ou jwenn moun ki pase kwa sa yo, ki sibi mati sa yo tou se lè sa a pou kwè tout bon vre. Al! Gen bagay ki dwòl tout bon wi anba syèl ble sa a. Pou Ayisyen nan esklavay toujou lòt kote! O Bondye! Mwen pa t nan esklavay; men, zansèt mwen yo te esklav e yo di se pa yon bagay ki te dous. Malgré m pa t fèt nan esklavay men monchè sa touche m anpil paske nou tout Ayisyen se frè, kit yo sot nan lòt bouk, kit yo nan batey Nanpanyòl oubyen lòt kote, nou tout se menm san an.

Nou fèt nan menm peyi; nou pale menm lang. Bon franchman Mèsidye m ap di ou sa, ou konnen m se yon nonm ki sensè; konpè Dyelifèt konnen kilès nèg mwen ye tou. Mwen ka di m se yon nonm ki pa rayisab. M ka di ou ke menm zenglendo, makout, makout potovi, ti makout, makout dèyè manman, gwo makout, vye chèfsekson, chèf magouyè eksetera era... M ka di ou sa, yo tout se Ayisyen tankou m; nou tout fèt Ayiti. Se pa pou di ke m rayi yo kòmkidire m ta renmen wè mal pou yo. Ou konprann mwen, nou konprann sa m vle di. Sètadi, gen moun ki pa tankou m, moun ki ta fè yon jan ak yo pou sispann enmègde, abize, souse, maspinen, kraze, vòlò, touye pèp la ak abitan inosan yo. Mwen menm, anverite m ap di nou tout ke m ta renmen wè kriminèl sa yo chanje yon jou. Lè m di yon jou a, mwen pa vle di nan senkantan men rapidopresto paske tout nèg pa tankou m, tout nèg pa panse menm jan ak mwen. A! M

ap di nou sa, nèg ayisyen pa manje manje blyie. Yo kapab manje manje dòmi ki fè yo dòmi men sa pa vle di yo mouri. Mwen menm se konsa m wè bagay yo. Si moun sa yo pa pran yon desizyon kòmkwa pou ta di yon jerenons sèt fwa epi bese atè fè yon kwa pou bo l kòmkwa yo ta sèmante pou pa janm enmègde, abize, souse, maspinen, kraze, vòlò pèp la sa ka vin pi rèd pou yo denmen. Granpapa m ak defen tonton Pyè te toujou ap rakonte kisa Ayisyen te fè an 1803 pou yo te ka soti nan esklavay. Li te konn pale de yon seri nonm vanyan, gason ki pa t pè goumen pou libète yo. Epitou sa k fè m te renmen tonton Pyè ak granpapa m plis sèke yo te konn di nou nèg sa yo, ewo sa yo se pa t yon seri sanzave sangwen malandren malpouwont makout makou magouyè zenglendo ke yo te ye. Se te yon seri bonjan nèg gin, nèg natifnatal Ayiti Tonma, yon seri gwo jeneral. Lè m di gwo jeneral, m ap pale de bonjan jeneral; se pa

ti jeneral fatra tafyatè souflantyou magouyè makout tisousou vandèdpeyi oubyen jeneral zenglendo. M ap pale nèg tèlkòm Tousen, Desalin. Tonton Pyè te konn pale tou de yon sèten Chalmayperal. Li di misye pa t ap viv nan menm épòk ak Tousen oubyen Desalin; li vin jis apre mesye sa yo. Men, li di ke Chalmayperal te yon gason vanyan menm jan ak Tousen, Desalin. Chalmayperal la se yon nèg ki te pi bwòdè pase rat men, li pa t konn mete kanson pou bèl twal. Tout nèg sa yo se pa t yon seri lach yo te ye. Se pa t yon seri gwo chèf ki t ap maspinen, kraze, souse, abize, touye pèp la men, yon seri nèg ki te prè pou bay vi yo pou retire pye zansèt nou yo nan chenn. Jodiya, si nèg sa yo te la: Desalin, Tousen, Chalmayperal, yo t ap nève tout bon lè yo ta wè nan ki eta Ayiti ye. Ay! Nèg sa yo pa t konn manje anyen frèt. Tonton Pyè te konn di nou: «pitit, lè Desalin ap sèmante, si ou pa gen gason sou ou, pa kanpe kote misye

paske dyare ap pran ou». Mwen menm ki te timoun kirye, m te toujou renmen konnen dekiprevyen tout bagay. Lè m mande tonton Pyè, kouman pou yon nonm ta fè gen kakarèl lè Desalin ap sèmante, tonton an di: «pwoche pitit mwen pou m esplike ou!». Ay! M ka di nou tonton Pyè pa t konn siyen non I men se te yon nonm nèg save te pè pale ak li tèlman l te konnen anpil bagay. Misye se yon nèg ki konnen yon seri bagay ki te pase nan tan lontan Ayiti ak sa granpapa l te konn rakonte l. Tonton an chonje tout nan tèt li depi «a» jiska «z». Tonton Pyè di ou lè Desalin fè yon sèman, lè Desalin di yon kout tonnè, yon kout tonnè kraze l, misye frape pye l epi tè a tranble. Yon lè nan zòn ane 1803, anvan Ayisyen te leve kont Fransè yo, Desalin antre nan yon fò, yon gwo kay kote yo mete zam y ap veye elmi; anndan an te chaje ak gason vanyan, gason kanson ki t ap goumen pou retire nèg Ayisyen nan esklavay. Ay! Desalin di:

«Tonnè kraze m! Tout nèg ki sèmante pou yo ta mouri lib olye pou yo ta rete esklav fransè yo toutan, pase bò kote m. Tout nèg ki pè mouri kòm nèg lib men ki ta renmen rete ap sèvi Fransè yo toutan, fout nou deyò! Tonnè kraze m! Si Fransè yo ta fout penmèt antre kote nou ye la a kòmkwa pou ta vin manke nou dega, tonnè kraze m mwen t ap fout boule fò sa a ak yo tout!». Ay! Te gen Ayisyen tout bon vre nan épòk sa a, gason ki rele gason, gason vanyan, gason kanson ki te renmen Ayiti tout bon, chèf ki rele chèf, chèf ki t ap lite pou libere tout Ayisyen. Se pa ti chèf lach, chèf k ap touye pwòp pèp li, chèf kapon, chef ki gen kakarèl pou ti krik ti krak, chèf sanzave, malpouwont, makou, makout, magouyè, zenglendo, jeneral fatra, latrin, souflantyou, vandèdpeyi nèg sa yo te ye. O! Se mwen ki konnen kouman m chonje tonton Pyè. Depi tonton an di: «Timoun, m pral ban nou istwa», tout timoun gentan pran ti chèy

ba yo, mete zòrèy yo an twonpèt, gade bab granmoun nan k ap voye istwa monte. Se kòmsi m ta di se yon nèg save ki kenbe yon liv l ap li; epoutan, tonton an pa t konn ni li ni ekri. M kapab di se kòm yon don Bondye te bay granmoun nan pou l chonje yon seri istwa, bagay ki te pase tout bon vre sou tè Dayiti nan tan lontan. Pa te gen lekòl nan bouk la se vre men m toujou di Bondye mèsi pou granmoun sa a tout timoun te renmen wè, renmen tandem. Lè l chita nan fòtèy li, kachimbo l nan bouch li l ap bay blag epi l ap rakonte istwa. Granmoun nan te tankou yon pwofesè pou nou. Menmsi m pa ka siyen non m se vre, mwen pa ka fè yon papye tè men lè m chonje tonton Pyè kè m kontan. Malgre tout mizè n ap sibi kounyeya, tout kwa n ap pote yo, tout kalvè n ap pase yo, lò m chonje istwa sa yo, lò m chonje kouman bagay yo te ye lè m te jenn, sètadi yo pa t mal konsa, pa t gen sechrès n ap wè kounyeya menm bét yo te konn jwenn vye

zèb pou manje. Yon bourik te gen kouray pou l ranni paske lè l fin manje zèb, li bwè dlo vant plen, kè l kontan, li tonbe ap karakole nan savann nan. Kounyeya, ak sechrès la, anpil bourik mouri; sa k pa mouri yo kouche toutan sitèlman yo fèb; yo pa menm ka ranni. Mwen chonje valè chen nou te genyen. Nou te gen dis chen nan lakou a. Yo te michan anpil. Sitèlman yo te michan, gen moun ki konn ap mande si se myèl nou te ba yo manje; epoutan, chen yo te jwenn manje agogo, vye zo, vye zagribay apre yo te fin touye kochon, kabrit chak mèkredi nan lakou a pou al vann nan mache. Tout chen nan lakou a fin mouri kounyeya akòz manje yo pa jwenn pou manje. Gen kèk chen ki rete toujou nan vwazinay la, m vle pale de chen tant Ateralya yo ak chen Asefi yo. Mwen menm kòm moun, lè m ap gade zo kou, zo kòt chen sa yo kijan yo soti, sa fè m lapenn. Jan m konnen chen sa yo te michan lontan. Lè moun konn ap pase bò kay tant

Ateralya oubyen bò kay Asefi, si yo pa t gen yon bwa kenbe nan men yo, ou tandé y ap rele: «kenbe chen pou mwen!». Kounyeya, moun mèt mache de men vid; menm kouri chen yo pa ka kouri alevwa pou yo ta gen fòs pou jape moun. Nou te konn an sekirite nan lakou a lè m te piti. Malgré te gen vòlè depi lontan se vre men, se pa t kòm zenglendo alèkile. Vòlè sa yo se kòmkidire yon seri vòlè anbachal ki t ap mòde soufle kòm Toto. Anpil moun te konn Toto. Misye te yon machann lèt. Li te konn vann moun bout kadè, travay nan eskwad, nan kòve, nan founacho ansanm ak lòt nèg. Toto se te yon nonm byen janti. Anpil timoun nan lakou a te konn rele l göldipè tèlman li wo. Yo te toujou di Toto pran pwen pou l vòlò. Genlè se te vre. Lè nou konn fin kase mayi, Toto te konn ede papa m mare yo pou fè gwo makòn pou kwoke. Apre yon senmenn, ou konn wè twa, kat makòn mayi manke nan pye mango a. Gen defwa yon moun te ka panse

se vòlè ki te soti lwen ki pran yo epoutan se rat kay ki t ap manje pay kay. Lòt non jwèt timoun yo te konn bay Toto se «makou» paske anpil moun di ke misye te yon chat mawon. Anpil moun ki te konn Toto di ke mouche pa t gen anpil bèf; se sèlman de vaybèf ke l te genyen epi li te gwo machann lèt. Lò yon nonm reflechi vre, w ap di: si Toto te gen sèlman de vaybèf, kouman l te fè jwenn lèt toutan pou pratik li yo? Imagine ou byen, yon vaybèf pran prèske menm valè tan ak yon famm pou l akouche. Yon vaybèf se pa yon bêt ki plenn chak twa mwa oubyen ki pran twa mwa pou akouche epi pou bourik Toto te toujou chaje ak galon lèt. Men malgre tou, m ka di nou ke m pa ka konpare Toto ak zenglendo nan tan kounyeya. Kriz zenglendo sa a se kòm yon flewo tout kote ou pase. Nou pa an sekirite paske tout plan chen yo fin mouri. Leta, chèf, chèfsekson p ap ban nou sekirite paske anpil nan magouy ak zenglendo yo.

Toto te vòlè se vre men pesonn pa di ke l te touye okenn moun nan okenn bouk. Lòt vòlè an chat pent ke yo te konn ap pale de yo se te Elifèt, Tipòy ak Anou. Twa mesye sa yo se kòm Toto yo te ye: trè janti, trè sèviyab tou. Kèlkeswa kòve, eskwad, founacho yon nonm ap fè, kay yon moun ap kouvri, yo te toujou la pou bay konkou. Men, Beniswa ki te konn twa mesye sa yo fen e byen, lè Beniswa ap pale de yo se pou kwè l. Beniswa se tankou yon kayiman; si l di ou tèl pwason avèg, se pou kwè l paske se nan dlo li te ye. Beniswa konnen sa l te pran nan men mesye sa yo. Se yon abitan ki te konn travay anpil, ede moun lè y ap fè kòve. Okenn abitan pa janm pale mal de li men yo te konn di l se yon nèg kourèd, yon peng; menm fanm Beniswa pa t genyen poutèt pou l pa depanse twòp. Pwovèb la di kourèd antere kou mou; byenke Beniswa te yon kourèd, anpil moun te konn pran kout ponya nan men l sitou nèg ki ta pral Nanpanyòl. Misye pa

janm plenyen malgre li pa pran nouvèl moun sa yo ankò. Gen yon lè te gen yon kòve pa tèlman lwen ak kay Papou. Ay! Tout nèg t ap bay blag apre yo fin koupe yon mayi byen cho, tout nèg fin manje vant plen, nèg fin bwè bonjan gwòg. Nèg fin pran yon kanpo, nèg retounen nan travay. Lè kòf lestonmak ou anfòm, yon nèg kore konsa, li ka di I santi I gason. Men, toujou gen kèk parese tout kote ou pase. Mesye yo t ap leve gwo bwa lou, bonjan bwa, bwa ki rele bwa, bwa founacho. Anou p ap li pran yon kalte bwa! Tout moun sezi; yo di: «Anou se nèg ki gen nèg sou li tout bon vre». Te plen fanm ki te fin sèvi mesye yo; fanm yo ap gade potorik gason an; men bout janm, bout ponyèt Anou! Tout moun te bat bravo pou li. Beniswa se yon nonm komik ki toujou ap pale an pawoli. Li rete I di: «Anou pa manje nan yon sèl jaden». Anpil moun te rete bouch fèmen paske te gen moun ki konnen misye gen 2 pye lajounen, kat pye sole kouche. Gen

moun tou ki pa t byen konprann sa Beniswa te sot di a a paske yo konn wè Anou ap travay lòt kote, swa nan eskwad, swa l ap vann yon moun yon bout kadè. Men, Beniswa te vle di ke Anou se yon chat mawon menm jan ak Toto. De tout fason, tout kat vòlè sa yo te trè janti, trè sèviyab. Yo te toujou la pou ede moun nan nenpòt kòve y ap fè. An verite, nou pa konpare yo ak vòlè yo rele zenglendo k ap degòje moun tankou rat k ap koupe kou poul lage atè. Zenglendo yo gen dwa fin antre nan yon kay, yo pran lajan moun nan, yo fè kadejak sou tifi yo, mare papa, jenn gason epi lè fini, yo touye tout.

## DEZYÈM CHAPIT

(Dyelifèt) — Konpè Mèsidye, ou pa janm rankontre ak lòt nèg nan bouk la ki te ale Nanpanyòl?

(Mèsidye) — Konpè Dyelifèt, pou di ou laverite, mwen te rankontre Nènè, Poulik ak Sonson. Mesye sa yo te nan 2 batey ki pa tèlman lwen ak kote m te ye a. Mwen te konn wè yo souvan. Depi nan semmenn yo te koumanse kouri dèyè Ayisyen yo, mwen vin pa wè mesye sa yo ankò. Mwen pa ka di ou si se kache yo kache Nanpanyòl oubyen si yo antre Ayiti. Yon sèl bagay, mwen konnen yo t ap viv toujou anvan yo te mete lapat sou mwen. Mwe ta swete y ap viv toujou kit yo kache Nanpanyòl kit yo antre. Lakay se toujou lakay kèlkeswa jan bagay yo ye isit. Apre esperyans mwen Nanpanyòl, mwen mande padon, kèlkeswa sitiyasyon an, monchè Dyelifèt mwen pa wè m pral nan lòt

peyi. Anpil moun ap pale de Miyami, y ap pran kanntè al Miyami, y ap prete kòb pou pran kanntè pou al la. Monchè apre leson sa a, m sot pran Nanpanyòl, m ap rete Ayiti sa I fè I fè. Lè m di sa a, pa konprann se kont mwen kont moun sa yo k ap kite peyi a. Lè ou gade vre, se pa fòt yo, sechrès fin manje dengonn yo, chèfseksyon ap abize yo, y ap volò tè abitan yo. Ti rès tè ki rete yo abitan pa ka travay yo paske pa gen lapli oubyen yon sistèm irrigasyon menm jan m wè anpil kote Nanpanyòl. Lòt gwo flewo k ap kale yo se koze zenglendo a; nou pa gen yon gouvèlman ki pou ta mete yon fwen nan sa. Mwen wè mesye sa yo tankou yon tren ki deraye.

(Dyelifèt) — Yon lè m te wè yon tren ki te deraye sot Lewogàn pandan mwen ta pral Pòtoprens. A! Se bagay tèrib. Se pa de ravay tren sa a te fè: li pran moun ki ta

pral nan jaden, timoun ki ta pral lekòl,  
machann ki te bò chimen an eksetera era...

(Mèsidye) — Bon, plizoumwen ou gen yon  
ide de sa m ap di a malgre m pa kapab pale  
de sa ankò.

(Dyelifèt) — Kouman konpè m?

(Mèsidye) — Sa vle di sa pa egziste ankò  
Ayiti. Se kòmkwa m ta di ou se yon sòt rèv  
nan tan lontan lè lò te lò. Ay! M chonje lè  
nèg te jenn gason, nèg t ap mennen gwo  
towo bèf al vann Pòtoprens. Lè nou rive  
Lewogàn pou t ap gade gwo chan kann tou  
ble kou digo, pyès veritab, mango an  
gaspiyay eksetera era... Lè sa a, menm si yo  
ta peye ou ale nan lòt peyi ou t ap di non ou  
p ap kite Ayiti. Se reyèlman yon rèv pou ta  
konpare tan lontan ak kounyeya. Kèlkeswa  
kote ou pase Ayiti kounyeya se prèske  
menm bagay: yon dezè, yon savann sèk

chaje ak wòch san zannimo ladan I. Peyi a chaje ak pwoblèm. Se kòm yon vye chwal ki chaje ak tik tout kote nan kò I. Nou menm abitan, nou viv pwoblèm sa yo chak jou: sechrès, lafen, krim, timoun pa ka ale lekòl, Ayisyen ap pati kite peyi a, Ayisyen ap antre sot aletranje paske yo pouse do yo mete deyò. Gade m sot fè dizan Nanpanyòl se pa ke m te renmen kite isit men w ap gade yon jenn gason ki leve chak jou li pa gen anyen I ap regle. Donk, mwen te bije mete deyò pou wè dekiprevyen. Apre dizan esperyans m sot fè Nanpanyòl, m vin aprann kont mwen. Mwen vin wè sa k gen laba a ak sa k manke lakay nou. Yon moun te gen dwa pati al aletranje li al gade, vizite epitou li retounen nan peyi I. Se ta yon bél ide si tout Ayisyen te vwayaje al nan lòt peyi, gade kijan bagay yo ye lòtbò dlo epi retounen Ayiti, eseye kreye nan peyi a sa k pa genyen, sa k ta ka ede pèp la.

(Dyelifè) — Monchè konpè Mèsidye, ou se yon nonm mwen renmen tandem. Tout sa ou sot di yo, tout se verite. Se reyèlman yon rèv pou ta konpare tan lontan ak kounyeya paske bagay sa yo n ap wè yo se bagay tèrib. Ou menm konpè m ki pase aletranje, ki gen anpil bél ide nan tèt ou, kisa ou wè ou ta ka fè pou ede abitan yo?

(Mèsidye) — Konpè Dyelifèt, se yon bél kesyon. Kòm mwen di ou déjà, se ta yon bél ide si tout Ayisyen te vwayaje al nan lòt peyi pou gade kijan moun viv, kijan bagay yo ye epi retounen vin ede lòt Ayisyen ki nan peyi a. Apre dizan m sot fè Nanpanyòl, malgre yo fout mwen deyò, m retounen de men vid men m pa fin dekouraje nèt ale. Pandan m te lòtbò a, m wè anpil bagay ki genyen epi nou pa genyen yo Ayiti. Pa egzanp, ann pran gwo chan kann ki gen Nanpanyòl. Kann nan peyi sa a, se danre prensipal, danre ki pote lajan bay

Dominiken yo. Konpayi menm ki an chaj zafè kann nan, sètadi *Safra*, mwen kwè m te mansyone non sa a déjà nan konvèrsasyon nou lotrejou lè m t ap pale ak konpè Deliram, kòmè Wozita. Se yon konpayi ki anplwaye anpil Dominiken. Gen Dominiken m konnen k ap travay la depi ven, trantan. Se kòmkwa m ta di ou se jaden yo. Ayiti te kapab gen tou yon seri konpayi agrikòl k ap anplwaye anpil Ayisyen. Konpayi sa yo ta ka konpayi k ap fè sik tout bon byenke nou pa gen anpil tè plenn menm jan ak Dominiken yo. M t ap rakonte ou lè m te jenn m ap mennen bèf al Pòtoprens kijan m te konn wè gwo chan kann Lewogàn. Se menm rèv sa a lè w ap gade chan kann Nanpanyòl. Sou Janklod yo, yo rache menm ray tren pou vann; m pa bezwen di ou anyen ankò. Ou gen kafe pa egzanp, se te yon danre ki te konn rapòte anpil lajan sou Estime. Akòz mòn yo, si te gen bonjan gouvelman, yo ta ka ede abitan yo pou kiltive kafe. Mwen te konn ap

rakonte ou kijan mango te konn ap gaspiye lè m te timoun. Tout mango sa yo te ka itilize pou fè ji ak sirèt pou Ayisyen. Gen yon seri bagay nou bezwen nan peyi a, nou pa t ap bezwen achte yo lòtbò dlo. Nou te ka fè yo Ayiti men ou konnen; pa gen gouvèlman ki reyèlman sousye de Ayiti. Anpil ladan yo se goumen pou monte sou pouvwa pou plen pòch. Depi m piti, gouvèlman ap monte desann, Ayiti *pa fè yon pa kita yon pa nago*. Mande m sa yo regle pou peyi a m pa konnen. Lè w ap gade yon seri tè pa egzanp ki sèk; lapli pa tonbe pou travay yo se vre men gen yon seri ti sous, larivyè ki la toujou. Mwen admèt dlo sa yo bese men yo pa seche. Leta te gen dwa fè yon jan pou kapte dlo sa yo pou ede nou menm abitan travay. Se pa parese nou parese; ou konnen abitan renmen travay; yo pa renmen rete chita. Donk, si leta t ap ede nou, sa pa t ap konsa. Gen yon seri traktè m wè Nanpanyòl k ap raboure tè pou plante

kann; gouvèlman an te gen dwa fè yon jan pou ta lwe nou aparèy sa yo pou plante sa nou vle. Abitan an rive yon kote l pa kapab rale hou oubyen li pa kapab voye pikwa ankò. Gen yon seri ponp dlo, se ta touskilfo pou rale dlo, ponpe dlo paske nou pa rete tèlman lwen ak yon sous. Donk, youn nan bagay gouvèlman an ta koumase fè pou nou se simen ponp dlo nan tout bouk yo pou ta koumanse konbat mizè ak sechrès. Mwen pa yon nèg ki te fè klas konpè Dyelifèt men sa pa vle di yon nonm avèg pou otan. Yo toujou minimize nou kòm abitan paske nou pa konn li, nou pa konn ekri, nou pa konn pale franse, nou pa moun save. Si menm moun sa yo te panse byen, yo ta di: «Mezanmi, fòk nou chonje abitan yo, se moun tou yo ye; yo pa vye chen. Si se pa yo, nou pa t ap jwenn manje nan Pòtoprens». Donk, si te gen moun ki sousye de nou, moun save ki t ap ede nou, sechrès la pa ta gen tan rive kote l rive a. Anpil gramoun, anpil timoun, anpil bèt pèdi

lavi yo akòz manje yo pa ka jwenn pou manje. Lè w ap gade byen, se yon bagay ki pi grav ke aksangrav. Pou ap wè timoun k ap mouri lafen, granmoun ke trip yo ap kède. Si jenn timoun sa yo ki fèk ap vini ap mouri konsa, kilès ki pral ranplase granmoun yo? Kijan peyi a pral ye nan lan 2000? Yon peyi san jenn timoun se kòm yon peyi san avni.

(Deliram) — Si tout moun ki te soti aletranje te panse menm jan ak ou, yo t ap ka ede anpil lòt Ayisyen. Si yon nonm renmen peyi li, l ap toujou wè bél pou li. Ou vin sot Nanpanyòl ak de men vid se vre men m wè ou gen bél ide nan tèt ou lè w ap gade sa peyi a bezwen. Ay! Nèg chonje tout bon lè yo te jenn gason. Monchè, jan ou pale de Nanpanyòl la, gen lè nou dèyè nèt. Ou di ou wè bonjan chan kann, dlo pou wouze tè, traktè... Lè w ap gade tout bon vre konpè Mèsidye, Ayisyen pa t ap depeyize konsa si yo te jwenn sa yo bezwen nan peyi a.

Ayisyen se yon pèp ki renmen Ayiti; sètadi, se pa moun ki ta renmen annik leve pati konsa kite peyi l, men se yon sitiyasyon ki pouse l fè sa. Kèlkeswa jan lakay ye, lakay se toujou lakay.

(Mèsidye) — M kapab di ou sa konpè Deliram; m sot fè dizan lòtbò a; mwen reve m Ayiti chak swa. Se lè yon nonm kite Ayiti pou wè ki nostalji li genyen. Se kòmsi m ta di w yon vid ki te nan kè m, se kòm yon boubout yon nonm kite dèyè w ap reve manpzèl chak swa. Donk, si te gen moun tout bon k ap ede nou, gouvèlman ki pa t ap abize, souse, maspinen, kraze, vòlò, touye nou, sechrès la pa ta rive kote l ye a ditou.

(Deliram) — Se vre wi konpè Mèsidye. Si yo te sousye de nou, se pa nan pwen sa a nou ta ye. Enben, m ap fè yon rive Tèwouj konpè m; n a wè nan gadyè samdi.

(Mèsidye) — Kòm nou di konpè Deliram. Se  
sa konpè m.

## TWAZYÈM CHAPIT

*Gadyè ap koumanse a katrè; moun koumanse reyini. Anpil machann, anpil moun soti nan lòt bouk tèlke Tounad, Moriso, Lasalin, Sannayi pou vin achte, pou vin gade kòk k ap voye zepon. Mèsidye rive nan gadyè a byen bonè. Pandan misye ap bwè yon gwòg, li apèsi Deliram k ap achte tablèt.*

(Mèsidye) — Konpè Deliram! Konpè Deliram!  
Menm bò isit.

(Deliram) — O! Gade konpè Mèsidye! Depi  
kilè ou rive nan gadyè a?

(Mèsidye) — A! Mwen rive la a yon bon ti  
kadè. Potko menm gen anpil machann ki te  
koumanse vini. Ou konnen nèg dezabitwe ak  
isit. M panse t ap koumanse pi bonè. Kòm  
mwen pa prese, mwen t ap fè yon ti ale vini  
pou wè si m pa jwenn kèk vye zanmi m te  
konnen anvan m te ale Nanpanyòl.

*Pandan Deliram ap pale ak Mèsidye, lòt mesye yo t ap swen kòk yo, ba yo mayi, netwaye zepon yo, soufle tafya sou yo. Mèsidye gen yon remò ki pran l dèské l sot Nanpanyòl ak de men vid pa menm 2 kòk panyòl.*

(Mèsidye) — Monchè Deliram lè m di ou mwen mòtifye a, se nan kè m pou ta ye. Lè w ap gade pou m antre isit sot Nanpanyòl ak 2 men vid san m pa vin ak 2 kòk. Se yon bagay tèrib konpè m.

(Deliram) — Konpè Mèsidye, pa fatige kò ou. Di Bondye mèsi li ba ou sante w ap viv toujou. Ou se yon nonm ki gen bél ide, ki vin sot Nanpanyòl ak bél ide pou abitan yo. W ap toujou ka ede nou yon lè.

*Moun koumanse ap vini, gadyè a koumanse boure ak moun. Dyelifèt vin parèt pandan Mèsidye t ap pale ak Deliram.*

(Dyelifèt) — Gade konpè Mèsidye ak konpè Deliram! Ban mwen nouvèl nou, kouman nou ye?

(Mèsidye, Deliram) — Nou la, n ap debat konpè.

(Dyelifèt) — Kounyeya, konpè Mèsidye fin dezabitwe ak zafè gadyè paske l fè dizan li pa wè sa.

*Mèsidye fè yon ti Souris lè Dyelifèt fin di sa.*

(Mèsidye) — Gen gadyè tou Nanpanyòl. Men gadyè lakay se gadyè lakay. Se la ou jwenn tout vye zanmi ou pou pale ak yo, ou pran yon gwòg ansanm ak yo. Apre dizan yon nonm fè deyò, ou pèdi bagay sa yo; se kòm m ta di ou yon vid ki nan kè ou. M kapab di malgre sitiyasyon peyi a ak sechrès la k ap titile nou, m santi vid sa a koumanse konble lè m ap wè vye zanmi m yo ke m pa t wè

depi lontan. Lakay se lakay kèlkeswa jan lakay ye.

*Pandan mesye yo ap pale, Dyelifèt ofri yo yon gwòg.*

(Dyelifèt) — Talè m ap vini konpè m yo. M pral achte yon gwòg pou nou nan men Asefi.

*Dyelifèt pwoche kote Asefi.*

(Dyelifèt) — Kouman ou ye kòmè Asefi?

(Asefi) — Bonjou konpè Dyelifèt! E lekò?

(Dyelifèt) — M toujou la m ap dangoye kòmè; sechrès la pokò touye nèg. Mete twa gwòg pou mwen. Talè m a peye ou.

(Asefi) — Pa gen pwoblèm konpè m!

*Asefi ba li twa kòn plen gwòg. Misye fè yon deplase pou retounen kote mesye yo. Yo chak*

*pran yon kòn gwòg; yo lage yon ti tak atè, kòmkwa pou pa bliye mò yo epi yo leve kòn yo anlè ansanm.*

(Yo tout) — Sante! Sante konpè m!

*Pandan y ap bwè, se konsa Elifèt, Toto, Tipòy parèt ak kòk yo anba bra yo. Dyelifèt fè Deliram yon siy kòmkwa pou l chanje konvèsayon paske l t ap pale de vòlè tou. Imedyatman, Deliram gen tan konprann tout bagay. Misye vire l ap pale de kòk, kòk kalite, kòk choublak, kòk zenga, kòk kayèt, kòk panyòl, move kòk ak bon kòk.*

(Deliram) — Ala yon bèl kòk Elifèt genyen!

*Deliram ap pase men sou kòk Elifèt la apre l fin di sa.*

(Elifèt) — M ap swen yo chak jou konpè m pou wè si yo ta ban m yon ti kòb pou m al Nanpanyòl. Se rèv mwen. Mwen p ap fè anyen isit. Se sechrès k ap minen nèg. Bagay yo se pa tankou lontan. Yon nèg te

konn vann jounen, bout kadè, travay nan eskwad pou fè ti kòb. Bagay sa yo prèske pa egziste ankò. Mwen gen yon fanm ak senk pitit. Mwen pa ka rete chita ap grate santi chak jou. Tout jenn gason m te konnen, prèske tout fin kite isit pou ale Nanpanyòl. Lòtbò a pi bon pase isit. Mwen p ap kite grangou touye m Ayiti fòk mwen ale. Menmsi m pa rete anpil laba a, men m a fè yon ti kòb epi m a retounen lakay pou m achte yon ti tè.

*Dyelifèt ri jòn lè Elifèt fin di sa. Elifèt pa yon ti jan kontan paske / wè Dyelifèt ap ri.*

(Elifèt) — Konpè, sa m di ou la se bagay serye wi. Ou konnen mwen menm Elifèt se nonm serye; m pa janm griyen dan.

*Dyelifèt gade Deliram yo tousé ansanm kòmkwa se kleren an ki trangle yo men yo konnen Elifèt se yon vòlè anba chal. Afè seryozite / ap pale a se pawòl tafya. Pandan yo kanpe y ap pale, Dyelifèt*

*mande Elifèt, Toto ak Tipòy si yo vle yon gwòg.  
Mesye yo twò kontan. Li fè yon deplase l al pran  
kat gwòg nan men Asefi.*

(Dyelifèt) — Asefi, touche twa gwòg yo. Map pran kat ankò. Fè yon sèl touche. Men di pyas!

*Asefi touche sèt gwòg epi l renmèt Dyelifèt rès monnen an.*

(Dyelifèt) — Mèsi kòmè m!

*Dyelifèt foure rès monnen l nan pòch li epi l  
mache pote gwòg yo bay mesye yo.*

(Dyelifèt) — Kenbe konpè m! Men pa ou!

(Elifèt, Toto, Tipòy) — Mèsi konpè Dyelifèt!

*Yo chak lage yon gout atè epi yo leve kòn yo anlè.*

(Elifèt, Toto, Tipòy) — Sante! Sante!

*Mesye yo ap bwè epi Elifèt kontinye ap pale men ni Elifèt ni Toto ni Tipòy potko konnen si Mèsidye retounen sot Nanpanyòl. Yo pral sezi. Mèsidye te fè yon deplase, se konsa li vin parèt.*

(Mèsidye) — E kadè a konpè m yo? Kouman nou ye?

(Deliram, Dyelifèt) — Nou la wi!

*Mèsidye parèt kòm yon moun etranj pou Elifèt, Toto ak Tipòy. Deliram ak Dyelifèt rekonèt sa, li mande mesye yo si yo chonje moun sa a. Nèg yo ap devine, devine. Lè yo pa ka chonje ki moun, li di: «Nou tout bwè pwa, se Mèsidye». Mesye yo voltije, kwoke, mare nan ren Mèsidye.*

(Elifèt, Toto, Tipòy) — Se ou menm Mèsidye? Se ou ptit?

(Mèsidye) — Se mwen menm Mèsidye Lerison. Si pou m ta di nou kouman m kontan wè nou tout, nou pa t ap kwè m. Mwen fè dizan Nanpanyòl. Nou konnen dizan pa dis jou, dis senmenn ni dis mwa. Mwen di Bondye mèsi m ap viv toujou malgre tout bagay.

(Elifèt) — Se tankou yon rèv pou nou. N ap di Mèsidye fin byen Nanpanyòl, li blyie nou, li blyie si nou egziste. Monchè, mizè, sechrès ak zenglendo fin touye nou isit. Si yon nonm wè w ap viv toujou, se yon mirak. Prèske mizi plan bét fin mouri. Lafen ap touye gramoun ak timoun. Mwen menm Elifèt si m ap viv toujou, se yon bagay m pa ka esplike w. Mwen konn fè yon senmenn san manje; sa k te fè m mal anpil, se lè m wè mizè touye tonton Pyè ak zenglendo ki te touye Kenòl. Ay! Monchè, nou pèdi 2 bon moun nan la. Sa frape tout moun, lè w ap gade yon gramoun kou tonton Pyè

monchè... Se te yon granmoun san lanvè san landrèt. Si yon timoun ta di ou l pa konnen tonton sa a, ou mèt konnen l soti byen lwen nan lòt bouk. Mizè pote tonton an ale; sa gen twazan. Li te gen katrevenkenzan lè l mouri. Tonton Pyè te granmoun se vre men, se yon nèg ki te toujou an sante, byen enganm. Li pa t janm konn malad. Tonton an rive yon lè, vye kò a pa ka jwenn lanouriti tankou nan tan lontan, li pa ka kenbe ankò. Ay, grangou pa dous non!

(Mèsidye) — Monchè konpè Elifèt, lè m antre sot Nanpanyòl, sa m wè Ayiti mwen pa gen bouch pou pale. Sa yo di m ki pase dèyè m, si m pa t gason mwen t ap tonbe kriz.

(Elifèt) — Ou fè dizan laba a, ou fin gran nèg, fin alèz, pale panyòl nèt. M ap mande si ou pa t wè mesye sa yo: Sonson, Nènè ak

Poulik. Se twa bon vye nèg ki te konn travay nan eskwad ansanm ak mwen.

(Mèsidye) — Mwen te konn wè yo souvan. Batey kote yo ye a pa t tèlman lwen ak pa m nan. Mwen vin pèdi kontak yo nan senmenn chèf dominiken koumanse pimpe Ayisyen Ayiti.

(Elifèt) — Sa w ap rakonte m la a konpè Mèsidye? Kouman yo pimpe Ayisyen tounen Ayiti a? Kisa yo fè? Te kwè se ede y al ede Panyòl yo. Kòmkwa ou vle di m se pa vizite ou vin vizite nou?

(Mèsidye) — Konpè m, mwen te pamí Ayisyen yo pimpe retounen Ayiti yo. Peyi ou se toujou peyi ou kèlkeswa jan li ye. Se la ou gen vye tè ou, vye fanmi ak vye zanmi. Lè m kite isit pou m ale Nanpanyòl, se pa t kontan m te kontan men, se te yon sitiayasyon. Jan bagay yo te ye Ayiti, m pa t

gen chwa. Mwen te oblige fè yon jan, mwen pran yon kout ponya nan men defen Kenòl pou m te bay yon moun ki t ap regle vwayaj la pou mwen. Sa te vin mache epi m pati Nanpanyòl ansanm ak anpil lòt Ayisyen ki ta prale. M ap di nou sa, tandé ak wè se de. Te gen yon bourara Ayisyen ki kite Ayiti, y al Nanpanyòl. Lè w ap gade jan bagay yo ye nan peyi nou, ou pa ka di Ayisyen an antò lè l ap depeyize. Mwen t ap pale sa lotrejou ak konpè Deliram, konpè Dyelifèt ak kòmè Wozita. Mwen t ap di yo espryans mwen sot fè Nanpanyòl, sa malere ayisyen ap pran laba a se bagay yon nonm pa ka pale de yo.

(Elifèt) — Monchè konpè Mèsidye, *tande ak wè se de vre*. Lè m te fèk parèt la nan gadyè a ansanm ak Toto, Tipòy, mwen t ap di konpè Deliram ak konpè Dyelifèt kouman m ap wè si m te ka sanble yon ti kòb pou m pati al Nanpanyòl. Pètèt bagay yo ta pi bon

pou mwen lòtbò a. Mwen te wè mesye yo yon ti jan ap ri m lè m di sa. Yo panse se ranse m t ap ranse. Mwen potko konnen si ou te antre déjà e ke se pouse Panyòl yo t ap pouse do Ayisyen lòtbò a. Poukisa menm y ap pimpe Ayisyen tounen? Kisa yo fè?

(Mèsidye) — Monchè Elifèt, mwen pa konnen si ou chonje lè defen tonton Pyè te konn rakonte nou istwa lè yo t ap chase Ayisyen Kiba. Anpil Dominiken gen pwoblèm tou Nanpanyòl. Ak rate travay la, se pa tout ki alèz. Chèf dominiken yo akize malere ayisyen kòmkwa se akòz yo menm ki fè gen anpil pwoblèm tèlkòm pwoblèm travay Nanpanyòl. Gen yon seri tentennad, pawòl tafya ki fè yon nonm oblige ri; sa pa vle di se kè ou ki kontan men tèlman radòt yo pa gen sans. Mwen kapab di ou m travay laba a kou bourik menm pa regle anyen serye, m pa ekonomize anyen ditou. Ou travay kou bêt: maten, midi swa nan batey

la. Ti kòb yo ba ou a se kòm yon ti kras manje ki pa ka menm bouche yon twou dan epi ou depanse l la pou la. Yo pouse do anpil Ayisyen mete deyò san yo pa t gen tan pran anyen. Menm chèf sa yo vòlò afè yo ak ti lajan yo. Gen fanm w ap gade ak timoun sou bra yo ki fèt lòtbò a, y ap voye yo tounen Ayiti; sa fè lapenn. Gen pitit Ayisyen ki fèt nan batey yo; malnitrison touye yo tèlman yo pa ka manje, genyen ki potrinè. Timoun sa yo, pa gen menm planch pafwa pou fè sèkèy pou antere yo lè yo mouri. Anpil fwa, se nan tach yo vlope yo, epi yo lage yo nan twou. Chak jou, se goumen n ap goumen ak kochon pou n dòmi; y ap pouse nou, y ap raboure nat nou. Ou oblige dòmi ak yon fwèt nan men ou chak swa. Donk, si bagay yo te miyò isit se tankou touris tout Ayisyen ta pral Nanpanyòl.

(Elifèt) — Ay! Yon nèg se tandé ou tandé peyi etranje. Ou pa konn sa malere ayisyen

ap pran lòtbò dlo. Mwen santi m frèt tankou yon bout glas lè ou fin rakonte kouman Ayisyen ap viv nan batey yo konpè Mèsidye. Èske sechrès la menm jan laba a?

(Mèsidye) — Monchè Elifèt, menm si gen moun pòv Nanpanyòl, mwen p ap ka konpare laba a ak Ayiti malgre se yon sèl tè a. Kòm ou pokò al Pòtoprens pou ta gen yon ide de yon kote ki rele Lewogàn. La pa tèlman lwen ak Pòtoprens. Konpè Dyelifèt konprann mwen paske l te konn mennen bèf al la lè l te jenn gason. Monchè kote sa a ki rele Lewogàn nan, se yon kote ou te konn wè gwo chan kann lontan, chan mayi, manje eksétera... Nanpanyòl gen chan kann ou gen dwa fè tout jounen an ap mache ladan l, gen traktè lòtbò a k ap raboure tè pou plante kann. Konsa, abitan panyòl yo fè mwens jèfò pou travay latè. Depi m fèt, se ak ti hou, sèpèt, pikwa m wè abitan isit ap travay. Se yon bagay ki te konn fè m lapenn

lè m te konn ap gade tonton Pyè k ap voye pikwa, bab li byen blanch, ren l mare byen sere ak 2 kòs bannann. Se gwo aparèy sa yo abitan Ayiti bezwen pou travay ak ponp dlo pou wouze tè. M ta parye ak ou si abitan nan tout bouk ta jwenn bagay sa yo pou travay, sechrès pa t ap betize ak nou; anpil moun ak bèt pa ta mouri; peyi a pa ta gen tan tounen yon dezè. Men ou konnen, Ayiti se yon kote ki chaje ak moun egoyis. Yo ta renmen tout pou kont yo, plen pòch yo epi zafè pòv ak malere. Se abitan nou ye; nou pa leta; nou pa moun save; nou konnen sa nou bezwen men yo pa janm ban nou l.

(Elifèt) — Konpè Mèsidye, ou se yon nonm ki pase aletranje, ki pase mizè ansanm ak nou epi ki konprann nou. Si tout Ayisyen pa t egoyis, si tout leta, tout nèg save t ap ede nou menm abitan, nou t ap gen yon bèl peyi, yo t ap respekte Ayisyen lòtbò dlo, sechrès pa t ap fè abitan ayisyen kite peyi

a pou al pran souflèt lòtbò dlo. Bagay sa yo, n ap pale de yo ant nou menm abitan; leta ta ka fout nou nan prizon oubyen yo ta ka touye nou si yo ta tande n ap pale konsa. Depi w ap pale de pwoblèm peyi a, pwoblèm abitan, yo di ou se kominis, ou kont gouvèlman, ou sesi ou sela. Moun sa yo pa renmen tande pale verite e verite se lwil I ap toujou rete sou dlo. Yo pa renmen tande verite paske yo nan magouy; yo ta renmen nou fèmen dyòl nou toutan, kase fèy epi kouvri krim y ap fè yo.

(Mèsidye) — Mwen dakò ak ou konpè Elifèt. Lè m te jenn ti gason sou Papa Dòk, yo te konn ap pale de kominis, kominis, se kòmsi m ta di ou se baka kominis yo ye. Yo toujou montre ou tout bagay ki pa bon annafè ak kominis. Lè sa a nan tout kote Ayiti, makout t ap chache kominis ak kamoken tankou chen chas k ap chase chat mawon. Gen defwa ou pa konnen lè ou timoun, ou konn

kontan lè yo konn kenbe yon kominis oubyen yon kamoken. Se jodiya lè ou wè chèf magouyè, chèfseksyon k ap rele abitan yo kominis lè malere sa yo ap pale de abi y ap fè yo, se lè sa a ou vin konprann ki sòt baboukèt yo te mete nan dyòl yo pou pa denonse malveyan sa yo. Youn nan pi move nouvèl mwen te pran Nanpanyòl, se lè m te tande kouman malandren makout magouyè malveyan malpouwont yo te masakre plis pase senksan abitan nan Janrabèl. Yo te abitan parèy nou tou k ap travay di lè yo fin vòlò vye tè yo epi y ap reklame dwa yo, magouyè yo di se kominis yo ye, fòk yo elimine yo. Se konsa yo te tann yon pyèj pou yo nan yon reyinyon yo t ap fè. Pou magouyè sa yo, pou bon abitan seswa ou se magouyè parèy yo, w ap vòlò tou oubyen y ap fè ou abi epi ou di mèsi anpil, ou pale de byen pou yo. Konsa, ou pa kominis; ou se yon bon sitwayen. Pèp ayisyen se yon pèp anpil gwo chèf yo te zonbifye depi lontan. Se

kòmsi m ta di w se yon bourik ki nan bosal toutan; makiyon an pa janm wete kadye yo nan je l. Pwovèb la di ou: *zonbi goute sèl li pa mande rete.* Anpil abitan koumanse wè sou ki bit yo kanpe; yo koumanse wete lasi nan je yo e yo koumanse wè klè. Y ap dòmi toujou men yo pa mouri. Lòt aksidan tèrib ki te rive ankò, se te yon kamyon ki t ap bwote Ayisyen epi l chavire Nanpanyòl. Plis pase karant Ayisyen te pèdi lavi yo. Toulede gouvèlman yo te okouran kokenn chenn aksidan sa a. Yo te fouye yon gwo twou yo lage kadav sa yo san sèkèy. M ap di si reyèlman te gen gouvèlman Ayiti ki reprezante tout Ayisyen, demach ta fèt pou mete kadav sa yo nan mòg epi voye oubyen achte bèl sèkèy Nanpanyòl pou ta mete yo, transpòte yo Ayiti pou ta fè antèman yo. Se malere ayisyen yo te ye menm jan ak nou: moun ki ta pral koupe kann tou. Lè nèg ap reflechi sou bagay sa yo, sa ba ou yon demanjezon. Menm aksidan

sa a ta ka rive m tou lè m te kite  
Kwadèboukè m ta pral Nanpanyòl ak anpil  
lòt Ayisyen.

(Elifèt) — Sa se yon bagay reyèlman tèrib  
lè nou te pran move nouvèl sa yo nan radyo  
konpè Mèsidye. Tout moun nan bouk la te  
mete 2 men nan tèt ap rele anmwe.  
Gouvèlman an te okouran de tout bagay sa  
yo men yo toujou di y ap mennen  
envestigasyon pou wè dekiprevyen. Se  
toujou menm kaka rat dèyè bwèt yo!

## KATRIYÈM CHAPIT

Nènè ak Poulik antre sot Nanpanyòl. Chèf dominiken yo te mete lapat sou yo tou nan menm senmenn ak Mèsidye. Yo pa t konnen si yo arete Mèsidye tou. Chèf yo te debake sou yo pandan yo t ap dòmi nan batey kote yo te ye a ak tout vye rad travay sou yo. Chèf yo pa t ba yo dwa pran anyen. Yo sèlman di yo: «Vamos para Ayiti». Yo te mete yo nan yon bis chaje kou Legba ak lòt Ayisyen yo te gen tan ranmase deja. Bis sa a te chaje ak fanm, gason, timoun, timoun nan bibon. Timoun sa yo te fèt Nanpanyòl men gouvelman dominiken an pa janm rekonèt yo kòm pitit tè a menm batistè yo pa t ba yo. Se pa de kriye yo t ap kriye pandan vwayaj la poutèt yo t ap antre Ayiti 2 men vid paske yo te vòlò afè yo nan batey yo epi yo pa te ba yo dwa pran anyen. Bis la te debake yo yon kote nan Kwadèboukè. Nènè ak Poulik te jwenn yon Ayisyen nan bis la ki rele Osma; misye se moun Titonmble, yon bouk nan Kwadèboukè. Yo te pase yon bon moman lakay Osmo. Abitan Titonmble te sezi wè Osma paske yo gen lontan depi yo pa t pran nouvèl li. Tout moun te gen dlo nan je lè Osma ak mesye yo te

*rakonte sa yo sot pran Nanpanyòl. Moun nan bouk la te pote manje bay Nènè ak Poulik. Lè yo t ap kite Titonmble, abitan yo te fè yon kète pou ede Nènè ak Poulik peye machin pou yo te retounen nan sid.*

(Osma) — Mwen gen uitan depi m kite Kwadèboukè, se kòmsi m wè peyi a tèt anba lè m fin desann bis la. M di Bondye mèsi nou fè yon bon vwayaj pou bis sa a ki te chaje ak moun epi chofè a t ap kouri tout boulin depi l kite Nanpanyòl. Tann mwen yon ti moman! Mwen pral mande gad la yon enfòmasyon.

*Osma fè yon deplase, li al nan ti pòs la pou /  
mande ki machin pou / pran pou lage / Titonmble.  
Nènè ak Poulik kanpe ap tann li.*

(Osma) — Sèjan an di se la a pou n rete tann machin ki pral Grantye; y ap lage nou Titonmble.

(Nènè, Poulik) — Nou menm nou pa konn anyen Kwadèboukè. Se moun nan sid nou ye.

*Apre inèdtan, yon kamyonèt ki pral Grantye vin pase; yo monte ladan.*

(Osma) — Chofè, nou sot Nanpanyòl ak de men vid san senk kòb. Sa gen anviwon inèdtan yon otobis panyòl te lage nou la a, tou pre ak ti pòs la. De zanmi sa yo te Nanpanyòl ansanm ak mwen. Yo se moun nan sid. Mwen se moun Titonmble. M gen uitan depi m kite isit m ale Nanpanyòl. Lòtbò a vin malouk pou Ayisyen; Dominiken yo ap ranmase Ayisyen pou voye tounen Ayiti. Bagay yo pa t tèlman bon pou mwen Titonmble epi m lage kò m Nanpanyòl.

(Chofè) — Kilès ki paran ou Titonmble?

(Osma) — Mwen se pitit Omàn. Se yon nèg ki te gen anpil tè nan zòn lan ak nan Teleferi.

(Chofè) — Men wi, m konn Omàn. Toutan mwen te konn bwote machann tou pre kay misye pou m lage Timache. Misye se yon gwo abitan. Mwen gen plis pase kenzan kòm chofè sou wout la. Mwen rele Fito; anpil machann Titonmble konnen m. Men fòk mwen di ou, bagay yo pa mache isit. Chak jou m ap rankontre bis ki sot Nanpanyòl chaje Ayisyen y ap voye tounen Ayiti. Yon nèg pa konn sa l ap regle nan peyi a. Papa m te prèske fin vann tout vye tè l yo. Latè pa bay ankò isit. Sous yo fin seche akòz bwa moun ap koupe pou fè chabon. Anpil jenn gason m te konnen Laplèn fin mouri; y al Nanpanyòl, lòt kote nan zantiy yo oubyen Miyami. Lè w ap gade Ayiti kounyeya, se kòmsi m ta di ou se yon teren foutbòl san jwè, san gazon. M chonje nan tan lontan lè

Laplèn te rele Laplèn tout bon vre kouman nèg te alèz. Se pa renmen yon nom ta renmen kite peyi a paske se la tout vye plan fanmi ou ye, men ou rive nan yon pwen kote ou pa ka sipòte ankò. Donk, fò ou manje, fò ou bay madanm ak ptit manje. Se chofè m ye. Gaz la kounyeya se tèt nèg tèlman l chè e se chans ou ta genyen si ou ta rive jwenn li achte. Sa k pi rèd la, mwen konn kite Pòtoprens prèske avid ak twa, kat pasaje m a pral Grantye. M ap fè yon jan la a pou m ta lage kòm Miyami.

*Chofè a rive Titonble, li rete tou pre kay Omàn.  
Mesye yo desann epi yo remèsyé misye.*

(Osma) — Bon, nou pa gen bouch pou n ta di ou mèsi; kay Omàn se kay ou. Nenpòt lè ou pase la a, ou mèt pase pran yon gwòg konpè.

(Chofè) — Oke, pa gen pwoblèm Osma.

*Chofè a kontinye al Grantye. Pandan Osma ap fè yon ti mache pou antre lakay li, se konsa li apèsi grann Dèdè chita ap kòde yon kòd.*

(Grann Dèdè) — Men kilès sa a?

(Osma) — Grann, se pitit ou, Osma. Mwen vin sot Nanpanyòl.

(Grann Dèdè) — Osma, ban m wè ou pitit! Se ou menm? Mizè ap minen nou isit; se gwo chans ou jwenn grann ap viv toujou. Ban m nouvèl ou pitit! Apa figi a rale. Mesye sa yo, se moun isit?

(Osma) — Non, se 2 zanmi ki te Nanpanyòl tou. Mwen jwenn yo nan bis la. Yo se moun nan sid, yon kote ki rele Kapòl. La pa lwen ak Vyebouk.

*Poulik ak Nènè pwoche tou pre grann Dèdè pou salye li.*

(Poulik, Nènè) — E lekò grann?

(Grann Dèdè) — Enben m la toujou wi pitit mwen yo. Fè yon ti chita toujou. M pral fè yon kafe pou nou. Nou mèt pale ak Osma toujou. M ap vini.

*Grann Dèdè fè yon vire l ale nan kizin lan. Li limen dife pou l fè kafe pou mesye yo. Omàn te al fè yon chabon; misye vin parèt pandan nèg yo ap pale.*

(Omàn) — Kilès mwen wè la a? Se pa Osma?

*Len mare ak lòt; yo bay yon akolad epi yo tonbe kriye. Osma prezante mesye yo papa l.*

(Poulik, Nènè) — Bonjou tonton!

(Omàn) — Kouman nou ye pitit mwen yo?

(Poulik, Nènè) — Enben, nou di Bondye mèsi n ap viv toujou pou traka nou sot pase

Nanpanyòl. Chans pou nou, Osmo se tankou yon zanj ki te vin delivre nou. Nou jwenn li nan bis la. Alò, nou t ap pale ansanm epi l di ke l se moun Kwadèboukè nan yon bouk ki rele Titonmnble. Nou menm nou se moun nan sid. Nou pa konn pesonn Kwadèboukè. Bondye te delivre nou lè nou jwenn ak Osmo. Li di nou rete fè yon poze lakay li anvan nou retounen nan sid.

(Omàn) — Ki kote nou moun nan sid la ojis?

(Poulik, Nènè) — Nou soti nan yon bouk ki rele Kapòl. La pa tèlman lwen ak Vyeboudaken.

(Omàn) — Wi ptit mwen, m tande pale de Vyeboudaken an. Papa m te konn di m li te konn tout zòn sa yo lè li te nan gad Dayiti. Se Lakay nou ke nou ye; mete nou alèz.

*Grann Dèdè fin fè kafe a, l ap vin sèvi mesye yo.*

(Grann Dèdè) — E kadè a?

(Mesye yo) — Nou la wi grann.

(Grann Dèdè) — Omàn, ou wè Osma ptit?  
Se gran sezisman m te fè lè Osma parèt  
isit maten an. Mwen te gentan dekonèt li. M  
te chita la a epi m tandé yon moun di:  
«Bonjou grann Dèdè!». M di nan kè m gen lè  
se Wolnè ki gen tan tounen sot Koten paske  
I t al regle yon zafè lajan la. Mwen t ap  
kòde yon zoren epi m mete I la; m tandé  
moun nan di: «Se ptit ou Osma, m vin sot  
Nanpanyòl». Mwen sezi. Si I pa t di m  
kimoun, m t ap blye tèlman m wè I desann.  
Enben, fin bwè kafe a pou I pa frèt. N a gen  
tan pale.

*Grann Dèdè fè yon vire lakizin nan ankò. Li kite mesye yo ap pale anba tonèl la.*

(Omàn) — Bon, ban m nouvèl kouman lòtbò a ye menm pitit. Isit se chak jou m ap wè popilas moun ki sot Nanpanyòl, bis chaje ak Ayisyen y ap pote sot Nanpanyòl. Isit pa gen manje pou bay moun yo, pa gen anyen nan peyi a. Tout bagay koute tèt nèg. Vye tè ki te rete yo, prèske tout fin vann. Si ou bezwen yon ti kòb, pa gen lòt mwayer pou ta jwenn li; ou sètoblige vann ti moso tè ou genyen. Mwa pase a, m sot vann twa kawo tè pou te fè antèman papa m. Pa gen vye bêt pou ta vann paske pifò fin mouri. Pa gen manje pou yo manje. Anpil moun Titonble fin mouri Anpil jenn gason pati al Miyami, Bahamas, nan lòt zile ak sa k te gen tan al Nanpanyòl. Se konsa bagay yo ye isit. Se ti chabon m oblige fè pou vann, menm bwa pa fasil pou jwenn pou ta fè chabon an. M voye ti chabon an vann lavil. Ak ti kòb la, ou ka achte ti mayi moulen ak ti grès. Lè ou gade vre, se pa renmen moun yo ta renmen pati kite Titonble, men yo pa gen chwa; fòk yo

manje. Mwen chonje lontan kouman bagay yo te ye Laplèn. M pa ka di se te yon paradi men ou te konn jwenn vye patat ak lèt ki kenbe ou anvan ou al nan jaden. Te gen legim agogo. Li te difisil pou te jwenn moun ede ou keyi tomat, obèjin, kalalou pou al vann Timache. Lè w ap chonje bagay sa yo, se tankou se nan yon rèv ou ye. A! Peyi a fini pitit.

(Osma) — Monchè papa, se tankou chat mawon y ap chase nou lòtbò a. Sa nou fè ou pa konnen. Yo fè konnen se nou menm Ayisyen ki fè Panyòl yo pa ka jwenn travay, yo akize nou de tout bagay. Pòv malere Ayisyen! Se dlo y ap bat pou fè bè lòtbò a. Nou travay kou bourik nan batey yo. Se kòmsi m ta di ou se istwa nèg ayisyen y ap rakonte ou epòk Fransè yo te mete yo nan esklavay. Si se pa t nou menm, anpil Dominiken pa t ap gen yon peso nan pòch yo. Si pa t gen Ayisyen ki t ap koupe kann, tout

aktivite t ap bloke. Men lè w ap gade vye chèf dominiken yo, m kapab di ou ke yo enkonsyan paske yo pa rann kont ke malere dominiken pa t ap fè travay n ap fè yo. Lòtbò a se kòm nan pak kochon w ap dòmi, orespe figi ou; se nan ti joupa, nan labou kaka bèf ak kaka kochon, marengwen w ap viv. Si ou ta malad epi ou wè ou viv, se gwo chans ou ta genyen. Donk, se konsa bagay yo ye pou malere ayisyen: travay kou bêt chak jou, mal dòmi, mal nouri epi yo pa respekte ou. Si lakay te bon, si te gen moun ki te sousye de nou depi isit, se pa nan eta sa a nou ta ye lòtbò a. Se menm mizè a Nènè ak Poulik sot pase ak mwen. Men yo la a kòm temwen.

(Poulik, Nènè) — A! Tonton, Osma di ou sa nou sot pran Nanpanyòl; se bagay tèrib. Byenke nou pa t nan menm batey ak li, men nou te vizite anpil lòt batey; se menm traka a Ayisyen ap pase. Nou sot lòtbò a de men

vid; nou pokonnan kouman nou pral nan sid paske nou pa gen senk kòb pou peye machin.

*Omàn fè yon kèt pou mesye yo nan bouk la pou yo ka peye machin pou ale nan sid.*

(Omàn) — Sa a se moun nan bouk la ki voye l ban nou pou n pran machin.

(Poulik, Nènè) — Tonton Omàn, nou pa gen bouch pou remèsyé ou pou tout sa ou fè pou nou. Moun nan bouk la ban nou manje epi gade yo voye ti kòb pou nou pran machin. Tout bagay sa yo se gras a nou menm moun Titonmble konnen. Se Bondye ki te fè nou jwenn ak Osma. Depi bagay yo ta koumanse bon, n ap vin wè ou kanmenm.

(Omàn) — Pa gen pwoblèm pitit mwen yo. Titonmble se kay nou kounyeya.

*Omàn ak Osma kondi yo mete sou teras la pou  
pran machin ki pral Pòtoprens. Mesye yo bay yon  
akolad epi yo bay lanmen. Yon kamyonèt ki soti  
Grantye vin parèt epi yo monte.*

(Poulik, Nènè) — Babay! Babay!

## SENKYÈM CHAPIT

*Nènè ak Poulik rive Pòtoprens apre inèdtan. Tout pasaje yo desann Pòtay Senjozèf, tou pre legliz la. Mesye yo yon ti jan grangou; yo deside pran yon bagay nan yon ti restoran tou pre a. Yo kontre bab pou bab ak Sonson ansanm ak yon neve l ki rele Aselòm. Se te gwo sezisman Nènè ak Poulik fè jou vandredi sa a. Li te nan zòn dezè.*

(Nènè) — Poulik, gade jan yon nèg sanble ak Sonson! Ondire se misye.

(Poulik) — Ann pwoche pi pre pou wè si se li!

(Sonson) — Ki nèg sa yo? Se pa Nènè ak Poulik?

*Touletwa sezi epi yo bay yon akolad.*

(Nènè) — Sonson, papa! Ki van ki voye ou Pòtoprens?

(Sonson) — Monchè Nènè, lè nou vin pa wè nan senmenn y ap pimpe Ayisyen Ayiti a, m ap di ki kote Sonson dwe ye.

(Nènè) — Monchè, mwen pran nouvèl la yon jou davans. A! M gen tan ranje kò m. Mwen te gen yon zanmi dominiken ki rele Pedwo. Monchè, bon vye Dominiken lè m di ou sa a. Misye gen lòt zanmi ayisyen epi l degaje l nan kreyòl tou. Li fè trafik laba a; li kondi ti bis epi l gen lòt ti biznis sou kote. Mwen gen tan fè yon jan m kontakte misye rapidopresto epi l lage m sou fwontyè Dajabon. Delaetan, mwen mache al Wanament; mwen pran machin lage m Pòtoprens. Mwen te konn kote Aselòm rete a, yon koridò tou pre ri Senmaten. La pa tèlman iwen ak Pòtay Senjozèf. Lè m rive nan estasyon, mwen mache al la. Aselòm te gen yon randevou Lise Petyon; mwen rete tann li. Se nan lekòl sa a li fè klas li. Depi m rive Pòtoprens, se misye k ap ede m adwat

agoch. Li gen yon zanmi k ap regle yon zafè vwayaj pou li pou l ale Miyami. M ap tou wè si m te ka pran kanntè ansanm ak li pou lage kò m laba a. Kòm mwen vin sot Nanpanyòl ak yon ti kòb, m a degaje m peye vwayaj la. Ann antre nan restoran an n a pran yon bagay epi n a pale plis.

*Yo touletwa antre nan yon restoran. Sonson kòmande twa mayi ak twa limonad epi yo kontinye pale.*

(Sonson) — E nou? Kouman nou te degaje nou pou antre isit?

(Nènè) — Monchè Sonson, vakabon yo mete lapat sou nou nan batey kote nou te ye a pandan nou t ap dòmi. Se tankou m ta di ou se yon grap volè ki parèt sou nou jou swa sa a. Tout vye rad travay nou te sou nou. Nèg te sitèlman fatige apre ou fin travay. Antre nou antre, nou annik pase yon bagay

nan bouch nou epi nou al kouche. O, o! Apre yon dezèdtan konsa, m tandem yon frape nan pòt la bow, bow! M al ouvè epi m wè gen kat gad dominiken ak zam nan men; yo di: «Vamos, vamos para Ayiti!». Se konsa yo te pran nou san nou pa t gen tan pran anyen. Yo te vin nan yon ti bis tankou ti bis ou wè k ap fè Kafou yo. Mesye yo kondi nou al mete yon kote ki te gen Ayisyen. Se kòmsi m ta di ou yon sòt depo kote yo anpile yo lè yo fin arete yo. La te plen gad ame ki t ap veye yo. Apre yon dezèdtan, yon gwo otobis te vin parèt epi yo anbake nou tout ladan pou voye Ayiti. Se gwo chans nou te genyen bis sa a pa t chavire tèlman chofè a t ap kouri. Bis sa a te byen chaje ak gason, fanm, timoun, timoun nan tete. Se pa ti kriye anpil moun t ap kriye. Anpil te gen men nan machwè ap egzanminen. Non sèlman yo pouse do nou mete deyò men tou yo vòlò tout afè nou. Pandan nou te nan otobis la, nou t ap pale ak yon nèg ki soti

pre ak Kwadèboukè. Se nan vil sa a otobis la te gen pou l debake nou tout, nan vil Kwadèboukè a menm tou pre ti pòs polis la. Monchè Sonson, se tankou m ta di ou se yon zanj Bondye te voye vin delivre m ak Poulik. Misye rele Osma. Papa l se te yon gwo abitan nan Laplèn. Osma te vin al Nanpanyòl akòz sechrès nan Kwadèboukè. Li vin dezabitwe ak la nèt lè li retounen; li wè tout bagay tèt anba nan peyi a. Se mande li al mande yon ti sèjan nan pòs Kwadèboukè a ki machin pou l pran pou ale Titonmble. Al! Lè m di ou sa a, gen defwa m kapab di mwen mache ak chans anba pye m. Youn nan nou pa t gen senk kòb. Osma se nèg ki trè degajan. Tou; se pa yon nèg ki mare. Pap yon machin vin parèt! Li ta pral yon kote ki rele Grantye; fò ou pase Titonmble tou pre kay Osma pou al la. Machin nan rete kote nou an epi nou monte. Osma monte devan kote chofè a; nou menm, nou monte dèyè. Li esplike chofè a sitiyasyon nou, kouman nou

sot Nanpanyòl tout sa. Chans pou li, chofè a konn papa l; yon abitan ki rele Omàn. Yo prèske gen menm non. Chofè a rete pou nou, tou pre kay Omàn epi nou desann. Rive nou rive, grann Osma t ap kòde yon kòd; li kite kòd la, l al fè kafe pou nou. Pandan nou t ap pale ak Osmo, papa l vin parèt. Li te sot fè yon chabon. Tout moun sezi. Lè m di ou sa a Sonson, malgre yo pa bon se vre men yo te byen resevwa nou. Moun nan bouk la ban nou manje. Nou pase yon bon ti moman kay Osma epi lè n ap kite Titonmble, moun nan bouk la bay papa l yon bagay ban nou pou n pran machin.

(Poulik) — Monchè Sonson, jan Nènè rakonte w la, se te reyèlman yon mirak lè nou te jwenn ak Osma.

(Sonson) — Kòm nou fatige, rete dòmi kay Aselòm aswè a epi nou va desann nan sid demen.

(Nènè) — Se yon bél ide vre wi Sonson! Vwayaj la kraze nou anpil. Jouskounye, de janm mwen yo ap fè m mal tèlman mwen te pliye nan otobis la lè m sot Nanpanyòl. Mwen konnen Poulik fatige anpil tou; tanzantan m wè l ap detire kò l. Kòm nèg p ap pase anpil tan Pòtoprens, se lè m rive Kapòl pou m fè yo fè yon bon beny fèy pou mwen pou ka lache kò m. A! Moun yo pral sezi wè nou.

(Sonson) — Wi, beny lan ap bon pou ou pou delache tout manm ou yo. Monchè Nènè, kòm ou konnen m ap fè yon ti rete Pòtoprens toujou jouskaske bagay yo fin regle pou m al Miyami. Mwen ta renmen desann nan sid. Mwen anvi wè moun yo tankou yon tè sèk ki anvi lapli. Men, jan bagay yo ye nan peyi a, pa gen travay, pa gen manje; donk, fò m fè yon jan m al chache kote dlo a koule pi fre. M ap fè

Aselòm ekri yon lèt pou mwen pou m voye bay Dyelifèt; konsa, li va bay moun Kapòl nouvèl mwen.

*Lavèy y ap pati nan sid la, Sonson fè Aselòm ekri lèt la pou li pou l voye bay Dyelifèt. Men sa lèt la di:*

*Monchè Dyelifèt,*

*Kouman ou ye? Sa gen lontan depi ou pa pran nouvèl mwen se vre. Fòk mwen di ou se pa blyie mwen blyie ou. Akòz jan bagay yo ye Ayiti, nèg sanse pa t ap fè anyen. Mwen te oblige ale Nanpanyòl. Se pa renmen yon nèg ta renmen kite peyi li ak vye fanmi l dèyè men, ou oblige mare ren ou kòm gason pou mete deyò. Mwen reve m Kapòl souvan; m ap travay nan eskwad, nan kòve ak mesye nan bouk la tèlkòm Tipòy, Elifèt, Beniswa ak Deliram. Kouman Ateralya, Asefi ak tonton Pyè ye? Salye Kenòl pou mwen; di l mwen te konn wè kouzen l lan Mèsidye souvan. Batey kote l te ye a pa t tèlman lwen ak pa m nan. Mwen vin pa wè misye nan senmenn lè yo te koumanse voye Ayisyen tounen Ayiti. Mwen te annik pran nouvèl*

Panyòl yo t ap arete Ayisyen pou voye Ayiti, chans pou mwen, m te gen tan chape pou l mwen. Mewn te gen yon zanmi dominiken ki rele Pedwo, se misye ki te lage m yon kote sou fwontyè ki rele Dajabon. La tou pre ak Wanament. De Wanament, mwen pran machin lage m Pòtoprens. Donk, se ak de men vid mwen menm ak anpil lòt Ayisyen te antre Ayiti. Chans pou mwen lè m rive Pòtoprens, yon kote ki rele Pòtay Senjozèf, mwen jwenn Nènè ak Poulik tou pre yon restoran. Se te yon sezisman pou mwen paske m pa t konnen si yo te kache lòt kote Nanpanyòl oubyen si yo te antre. Mwen te gentan pran ti kòb mwen epi m sove ak tout vye rad mwen sou mwen. Tout afè m rete Nanpanyòl. Alò Aselòm fin desann retorik; misye pase, men ou konnen gen yon dal filozòf nan peyi a k ap grate santi tou. Se pa fòt yo; pa gen travay. Aselòm gen yon zanmi k ap regle yon zafè vwayaj pou li pou wè si l te ka pran kanntè lage kò l Miyami. Mwen di ti kòb m vin sot Nanpanyòl la olye pou m ta desann Kapòl pou al achte yon ti tè ak kèk bét, mwen wè l ta pi bon pou al nan yon lòt peyi. Se vre mwen pokò desann nan sid e mwen p ap gen tan men m te rankontre ak kèk nèg Okay sou Pòtay Senjozèf nan yon bank bòlèt pandan m

*t al jwe yon boul. Yo rakonte m kijan sitiyasyon an malouk anba a, pa gen manje, anpil moun ap mouri lafen; se Matinik y ap voye kò yo. Selon sa yo di m, sechrès la fò tout bon nan sid. Mwen swete yon lè Bondye va delivre nou, n a gen yon gouvèlman ki sousye de tout abitan, yon gouvèlman ki pou jwenn yon solisyon nan kriz, mizè, krim ke peyi a ap travèse. M ap kite ou kounyeya. Mwen pa konnen kilè n ap wè. Mwen salye tout moun nan bouk la.*

*Se vye zanmi ou Sonson ki p ap janm bliye ou.*

*Sonson mete lèt la nan yon anvlop; li kachte / epi / bay Nènè !.*

(Sonson) — Nènè monchè, renmèt Dyelifèt lèt sa a nan plan men pou mwen. Sa a, se pou nou manje nan wout.

(Nènè) — Mèsi konpè Sonson.

*Nan demen vè onzè, Aselòm ak Sonson akonpaye yo pou ale nan estasyon. Nan ti kòb Nènè ak*

*Poulik te genyen an, yo pran ladan / pou achte pen  
pote pou moun yo.*

## SIZYÈM CHAPIT

(Nènè) — Nou bezwen yon kote pou n achte pen pou pote pou moun yo. Kòm ou Pòtoprens lontan, ou pi abitwe ak isit, montre nou yon bon kote.

(Aselòm) — Pa gen pwoblèm! Mwen konnen yon bon kote m toujou achte pen pou tonton Sonson. Ann al la! N a gade ki pen nou vle.

*Poulik ak Nènè rive nan yon boulanje. Yo chwazi pen yo vle; yo peye epi yo vlope yo pou yo. Mesye yo kontinye mache jouk yo rive nan estasyon sid la. Aselòm mete yo nan yon bis ki pral Lazil. Konsa, I ap pi fasil pou yo olye pou ta pran bis Okay, desann Mòn Oko epi mache rive Kapòl.*

(Sonson) — Bon, mesye, mwen swete nou bon vwayaj! Salye tout moun. Pa blye bay Dyelifèt lèt la pou mwen konpè m!

(Nènè) — Non, mwen p ap bliye.

(Poulik, Nènè) — Babay! Babay!

*Yo tout fè babay. Aselòm ak Sonson retounen sou Pòtay. Aselòm ap fè vit paske l gen yon gwoup timoun pou l al bay lesyon.*

(Aselòm) — Tonton Sonson fò nou yon ti jan mache pi vit pou m pa an reta. Elèv yo konn rive anvan m nan klas la.

(Sonson) — Men wi, pa gen pwoblèm! Monchè Aselòm, lotrejou pandan mwen al jwe yon tèt lotri nan ti bank bòlèt la, mwen tande anpil timoun sou Pòtay la k ap pale de byen pou ou, kouman ou se yon bon mèt, kouman ou moutre byen.

(Aselòm) — Kouman ou fè konnen se mwen tonton? Yon sèl bourik pa rele Maten.

(Sonson) — Monchè, se te yon gwoup timoun ki te soti lekòl ak ti liv yo anba bra yo. Y ap pale de mèt Aselòm, yo te tandé yo site non li nan radyo, li pase nan bakaloreya, li te elèv Lise Petyon epi yo di tou misye se nèg nan sid, yon kote ki rele Kapòl. Donk lè m reflechi, mwen di pa gen ni de ni twa fòk se ou menm. Monchè, ou konnen m pa lizib men mwen se yon nonm ki renmen tandé istwa, bonjan istwa. Se toutan m ap di kouman m chonje tonton Pyè lè granmoun nan te konn ap rakonte timoun yo bagay ki te pase tout bon Ayiti Tonma. Se tankou se te nan yon lekòl tonton Pyè t ap anseye. Prèske chak apremidi tout timoun, depi yo vin sot nan jaden, y ap pran yon beny, yo manje epi yo reyini kay tonton an pou tandé istwa. Lè m te tandé kouman timoun sou Pòtay la t ap di kouman ou anseye byen, imedyatman mwen vin chonje tonton Pyè. Mwen di yon lè fòk mwen fè yon

chita nan klas ou menm se tande m a tande pou rafrechi memwa m.

(Aselòm) — Pa gen pwoblèm tonton Sonson.  
Ou mèt koumanse vin jodiya.

*Klas la prêt pou koumanse. Aselòm antre ak Sonson. Te gen senk elèv nan klas la; senk lòt vin parèt.*

(Yon elèv) — Bonjou mèt!

(Aselòm) — Bonjou! Kouman nou ye?

(Elèv yo) — Nou pa pi mal non.

(Aselòm) — Jodiya, nou pral fè yon revizyon pou egzamen an lendi. Lotrejou, nou te pale sou esklavay, kouman Fransè yo te mete nèg ayisyen nan esklavay epi nou te fè yon rale mennen vini sou istwa Ayiti nan syèk n ap viv la. Kilès ki ka site 2 gran ewo

ayisyen ki te lite pou wete nèg ayisyen nan esklavay?

(Pòl) — Se te Tousen ak Desalin.

(Aselòm) — Trè byen Pòl! Eli, nan gran batay ewo ayisyen te mennen kont Fransè yo pou te ka jwenn liberasyon yo, kouman batay sa a te rele e kilè li te fèt?

(Eli) — Se te batay Vètyè. Li te fèt 18 novanm 1803.

(Aselòm) — Trè byen! Majori, di kouman Tousen ak Desalin te mouri.

(Majori) — Fransè yo te pran Tousen nan yon pyèj. Yo mete l nan yon bato epi yo ale Lafrans ak li. Lè yo rive ak li Lafrans, yo mete l nan prizon ki te rele Fòdejou. Li mouri nan prizon sa a apre l te fin pase kont rèvè. Desalin te pran nan yon pyèj tou

yon kote ki rele Pon Wouj, tou pre ak Pòtay Senjozèf. Yo te krible l ak bal pandan l te sou chwal li.

(Aselòm) — Trè byen Majori! Rene, kilès ki te dekouvri Ayiti?

(Rene) — Yo di se te yon Italien ki te natirализе Espayòl. Li te rele Kristòf Kolon men anpil moun save pa dakò ak mo «dekouvri» a paske Endyen yo te sou tè a anvan kolon te ateri Ayiti pa aksidan.

(Aselòm) — Ekselan! Lòt kesyon an se pou Marijo. Èske ou ka di kilès Chalmayperal te ye e kouman li mouri?

(Marijo) — Chalmayperal te yon gason vanyan, gason kanson, bonjan Ayisyen ki te renmen Ayiti. Li pa t yon magouyè ni yon vandèdpeyi. Se yon nèg ki te bwòdè kou rat men ki pa t pote kanson pou bél twal. Se li

ki te chèf yon mouvman ki te rele «Kako» li t ap lite pou libere Ayiti anba grif Tonton Sam; Li te vle wè yon Ayiti ki granmoun tèt li. Yon vandèdpeyi magouyè malpouwont te trayi ewo ayisyen sa a. Malandren an te resevwa yon bél lajan pou travay matyavèl sa a li te akonpli a. Se konsa yo te rive asasinen Chalmayperal epi yo krisifye l.

(Aselòm) — Trè byen Marijo! Kounyeya se tou pa Sentaniz. Èske ou ka defini mo «kominis» ak «kamoken» kijan tèm sa yo itilize Ayiti?

(Sentaniz) — Vrè sans mo «kominis» lan vle di: yon sistèm sosyal kote se tout yon kominote ki pou ta ap jwi byen yo olye se ta yon ti gwoup ki posede yo. Sou Papa Dòk, mo sa a vin genyen yon lòt siyifikasyon. Nan diksyonè anti-makout, sa vle di: moun ki kont zak malonnèt Papa Dòk yo, malere ak abitan k ap reklame dwa yo epi yo di yo

kont gouvèlman. Mo «kamoken» an, mwen kwè tèm sa a te kòmanse itilize apre siklòm Flora. Se yon sòt konprime yo te konn bay moun; li anmè anpil. Apre sa, makout yo vin itilize mo a lè y ap pale de moun ki kont Papa Dòk oubyen tou, yo itilize l pou moun ki ta renmen Papa Dòk bay peyi a blanch.

(Aselòm) — Trè byen Sentaniz! Mwen potko poze Tiyàn okenn kesyon. Ou pre pou youn?

(Tiyàn) — Wi mèt!

(Aselòm) — Tiyàn, site kèk gwo pwoblèm Ayiti ap travèse nan jounen jodiya.

(Tiyàn) — Mwen ka di gen pwoblèm sechrès ki fè anpil Ayisyen ap kite peyi a. Menm Ayisyen sa yo, y ap pouse do yo mete deyò. Anpil Ayisyen ap pran kanntè pou al Miami, Naso, Lagiyàn, Matinik eksetera... Tout kote ou pase se zenglendo k ap pyafe, y ap

fè krim tribòbabò, chèfseksyon ap abize abitan. Anpil gouvèlman pa sousye de pèp la. Se yon dal magouyè vandèdpeyi souflantyou tisousou yo ye. Lame ak pèp la se lèt ak sitwon. Li pa la pou pwoteje pèp la e pou ta ba li sekirite; se tire l ap tire sou pèp la tankou timoun k ap tire zwazo ak fistibal.

(Aselòm) — Yon elèv ka wè Tiyàn pa janm pale nan klas men li konnen Istwa Dayiti I fen e byen. Trè byen! Keson mwen gen kounyeya se pou Wowo. Èske ou ka di ki pousantay nan pèp la ki pa konn li ak ekri e poukisa?

(Wowo) — Dapre envestigasyon moun save fè, yo di 85% (katrevensenk pou san) popilasyon an iletre; sa vle di yo pa konn bekounaba nan fèy malanga. Se pa pèp la ki chwazi pou pa konn li ak ekri men fòk li ta genyen yon ti limyè sou sa yo rele «politik» e kijan li makònен sosis li ak domèn

edikasyon an. Mo politik la se yon mo moun toujou ap evite pale de li nan peyi Ayiti. Depi lontan, anpil gouvèlman magouyè te zonbifye pèp la. Yo te mete yon baboukèt nan bouch li tankou yon chwal oubyen yon bourik y ap bosale. Donk, bouch pèp sa a toujou rete fèmen. Si l pale, yo ka mete l nan prizon, yo ka touye l. Li pè pou l ta denonse malveyan k ap fè l abi, oubyen move zangi ki renmen yon sistèm koripsyon ou eksplòtasyon. Ti gwoup ki gen mayèt pouvwa a anpil fwa ta renmen bagay yo rete jan yo ye a: je yo klere epi je pèp la pete. Nan panse ti gwoup magouyè sa a k ap gouvène a, se ta yon menas si tout Ayisyen ta rive konn li ak ekri. Se kòm yon ti gwoup konsèvatif ki ta renmen tout pou kont pa l; li pa ta renmen okenn konpetisyon ak lòt moun. Pa egzanp, nou ka pran Bwaye kòm youn nan chèfdeta magouyè, vandèdpeyi; li te di si pèp la eklere, sa ka mennen revolisyon.

(Aselòm) — Wowo reponn kesyon an tankou yon liv li t ap li; yon liy pa manke. Trè byen! Yon kesyon pou nenpòt moun. Kouman Papa Dòk te mouri?

(Sentaniz) — Mwen menm mèt!

(Aselòm) — Oke, ale Sentaniz!

(Sentaniz) — Yo di se te yon sezisman li te fè ak yon dyare li te genyen.

(Aselòm) — Bon, m pa di ou non men ou konn Ayiti; yo pa di bagay yo nan bon ti mamit anpil fwa. Tonton an te fè yon gwo sezisman vre anvan l mouri men m pa ka di si dyare a te touye l tou. Lòt kesyon mwen genyen kounyeya se pou Majori. Èske ou ka di nou kisa yon diktati ye epi ban nou 2 egzanp?

(Majori) — Wi mèt! Yon diktadi se kote ki genyen yon gouvèlman sou pouvwa. Gouvèlman sa a se li ki sèl kòk chante, ki ap fè e defè. Se yon gouvèlman matyavèl. L ap fè tout sa ki posib pou kenbe pouvwa a pou toutan. Gouvèlman sa a ap kraze brize; anpil fwa, li elimine elmi l oubyen moun ki pa renmen sa l ap fè. Li fè sa pou l ka layite kò l kè pòpòz sou pouvwa a. Li itilize konstitisyon peyi a kòm papye ijyenik. Egzanp: diktati Bwaye a te dire vennsenkan ak diktati Tonton an ki te dire prèske trantan.

(Aselòm) — Trè byen Majori! Yon kesyon pou tout klas la kounyeya. Tande kesyon an byen epi leve men ou! Esplike dat «7 fevriye 1986», kouman pèp la te santi li e kouman Ayiti ye apre dat sa a? Mwen wè kat men leve. Sentaniz te leve men l anvan. Oke, ale!

(Sentaniz) — Se dat ke makak la te kase. Pèp la te prèske gen trantan ak yon baboukèt nan bouch li. Se nan jou sa a li te respire san pwoblèm. Li te manifeste kontantman l. Machann kleren te fè milyonven; pèp la te bwè anpil pou montre kontantman li. Se te kòm yon premye janvye espesyal nan mwa fevriye. Moun t ap mache de kay an kay pou di bòn ane. Moun bwè soup apre. Gen moun ki te rele jou sa a «Dezyèm endependans». Anpil moun t ap chante: «Ayiti libere, Ayiti libere». An souvni jou sa a, anpil moun achte yon ti mayo ki make «Ayiti libere 7 fevriye 1986». Nan diskou makak la te fè anvan l ale, li di l ap kite pouvwa a ak tèt li byen dret pou evite twòp san koule. Anpil makout te tounen chat mawon. Magouyè yo te sere gwo makout yo pou malè pa t rive yo. Apre sa, yon bèl konstitisyon te ekri; kèk magouyè te siyen l tou. Pati politik yo te koumanse ap òganize yo pou elekson

novanm 87 la. Magouyè yo te vin gate eleksyon sa a. Makout yo te pete fyèl anpil kretiyenvivan nan Riyèl Vayan paske yo apèsi yo t ap vote yon kandida ki ta ka plizoumwen satisfè dezi yo. Akòz dega makout, jan yo te tann pyèj sa a pou pèp la, eleksyon yo te vin ranvwaye pou janvye 88 kote chèf magouyè yo te chwazi yon panzouyis popetwèl nan dezyèm eleksyon tèt chat la kòm prezidan konstititisyonèl Dayiti. Depi lè a, se magouy k ap fèt sou do pèp la pou li pa janm gen yon lidè pou reprezante l. Se koudeta agoch, koudèta adwat, jeneral magouyè tafyatè kriminèl fatra ap monte desann tankou chwal mawon k ap galonnen nan savann pistach.

(Aselòm) — Ekselan Sentaniz! Mwen kwè klas la te byen travay jodiya, tout moun te patisipe, tout moun pre pou egzamen an lendi. Konpliman, nou konnen Istwa Ayiti

nou! M ap wè tout moun lendi, pase yon bon wikenn.

(Elèv yo) — Orevwa mèt!

*Timoun yo ale. Yo kite Aselòm nan klas la ak Sonson.*

(Sonson) — Monchè Aselòm, mwen pa janm wè timoun eklere konsa. Chak kou m ap gade yo lè y ap reponn kesyon, mwen chonje lè m te timoun m ap reyini kay tonton Pyè chak apremidi: mwen menm, Mèsidye, Deliram, Dyelifèt e tandòt ankò. Gen defwa ou santi ou ta tounen timoun tou lè w ap gade tilezanj yo, kouman yo gen yon anvi pou aprann malgre yo pa manje pou vin lekòl. Wi Ayiti t ap bèl si tout timoun nan tout bouk te ka ale lekòl. Lè m ap tande timoun yo: Marijo, Majori, Sentaniz, Wowo, Rene, imedyatman sa raple m yon seri timoun lè m te Kapòl; yon seri timoun k ap

gaspiye, ki pa kapab al lekòl. Se mwen ki santi kouman m rejwi pou m te vin chita nan klas ou a jodiya. Mwen dezannwiye m anpil; mwen eseye blyie souflèt mwen sot pran nan batey Nanpanyòl. Se pa de bagay mwen gen tan aprann nan klas la jodiya. Gen yon seri istwa tonton Pyè te gen tan rakonte m tèlkòm istwa esklav yo, kolon fransè, ewo ayisyen tèlke Tousen, Desalin, Chalmayperal epitou mwen aprann anpil de sa k ap pase Ayiti nan tan n ap viv la. Sa m aprann nan klas sa a se bagay ou pa tandé nan radyo oubyen istwa ou tandé moun ap rakonte konsa nan lari. Monchè, yon moun aprann anpil vre lè li ale lekòl. Kòm mwen gentan fin granmoun men m ap di si m te yon nonm save epi m gen lajan, se touskilfo pou m ta ede sa yo ki pa konn li ak ekri. Mwen ta fè lekòl pou timoun, lekòl pou granmoun, mwen ta vwayaje nan tout bouk pou moutre moun li ak ekri, mwen t ap

aprann timoun yo Istwa Ayiti. Al Mwen règrèt mwen pa yon filozòf.

(Aselòm) — Tonton Sonson, yon moun kapab aprann li ak ekri nenpòt lè kèlkeswa laj li osilontan gen moun k ap ede l'oubyen gen lekòl gratis pou l ale. Anpil nan ewo ayisyen yo se nan di kèk ladan yo te aprann li ak ekri epi yo pa t'egoyis tankou yon seri avadra w ap gade jodiya. Nèg sa yo te gen devouman, yo ta renmen wè pwogrè pou Ayiti. Pwoblèm lekòl, se youn nan gwo pwoblèm ki egziste nan peyi a. Se moun ki gen lajan ki kapab voye ptit yo lekòl. Bon ou wè m fin fè klas mwen Lise Petyon; se anba bonjan mannigett mwen antre anndan an epi ou tande se yon lekòl leta. Ou ta panse l gratis, tout moun ta ka antre. Kaka rat dèyè bwèt! Aprann sa, gen 2 bagay isit ki rele «paren» ak «grinkbak»; si ou pa gen youn, ou ka pran pàn. Mwen gen sizan nan Pòtoprens. Lè m antre isit mwen al

enskri nan plizyè lise, konpoze, gen randevou ak direktè, piwèt adwat agoch; tout se te bwote dlo nan panye. Se lè m t ap ede pitit yon vwazin tou pre a, tanzantan m ba li ti lesон patikilye. Paran timoun sa yo se malere, malerèz k ap degaje yo nan Kwabosal men y ap fè tout efò pou timoun yo gen yon enstriksyon. Pafwa, yo ban m ti manje epi yo lage yon ti kraze nan men m tanzantan. Bon, vwazin nan gen lòt zanmi tou ki t ap chache moun pou bay pitit yo lesон; konsa, li te vin mande mwen si m enterese bay lòt timoun lesон. Monchè, se konsa m te vin jwenn kèk timoun pou travay ak yo epi mwen ekonomize ti kòb. Mwen vin genyen plizyè ti kontak epi youn nan vwazin yo te byen ak yon sansè nan lise a. Li prezante m sansè a; nou pale epi m grese pat li pou achte yon plas pou mwen nan lise a. Se konsa m rive fè klas mwen. Edikasyon se bagay leta te sipoze fè moun kado e mwen kapab di se pa yon kado men se youn

nan devwa leta pou li ta sousye de edikasyon yon pèp. San malere, maledic, leta t ap tankou yon machin ki pran pàn gaz; li kanpe, li pa ka mache. Anpil moun ou wè k ap byen mennen, k ap byen manje, k ap kouri bél oto, se taks malere peye leta pou ti komès y ap fè nan Kwabosal. Lajan sa yo sanble fè yon pil, yo pase nan Kontribisyon; delaetan, yo mete yo nan bank peyi a, yo peye moun k ap travay ak leta epi yo gaspiye rès la. Sa m vle fè ou wè sèke leta te sipoze sousye de malere yo anvan, ba yo sa yo bezwen, bati lekòl pou ptit yo, bati yon seri kay pou yo rete, sant de sante pou yo, eksetera era... Gwo komèsan yo fè plis pase kenzan yo pa peye taks oubyen yo fè magouy yo peye yon ti kaka chat pa anba. Yo ta renmen bagay yo toujou rete konsa: menm sistèm koripsyon ak eksplòtasyon an. Gen ase kòb nan peyi a pou leta ta bati lekòl, lopital, kay pou moun rete. Mwen pokon pati se vre men mwen rankontre ak anpil

Ayisyen ki te aletranje ki antre k ap di kouman bagay yo ye lòtbò dlo, epitou mwen li liv sou sa, mwen gade yon seri fim nan sinema, bagay ki egziste lòtbò dlo. Se pa konnen yo pa konnen pwoblèm peyi a men se solisyone yo pa vle solisyone yo. Anpil moun nan gouvèlman an pase aletranje, y al vizite, yo wè sa k genyen lòtbò dlo epi ki pa egziste Ayiti; poukisa yo pa di ann eseye kreye yon seri bagay Ayiti ki egziste lòtbò dlo? Anvan, nou te koumanse pale de edikasyon. Aktyèlman, peyi a gen 85% (katrevensem pou san) moun ki pa konn li ak ekri. Sa vle di sou chak 100 Aysiyen, gen sèlman 15 ladan yo ki konn li ak ekri. Leta gen mwayen pou ta ede rès moun sa yo aprann li, ekri men se pa sa ki nan lide yo. Mwen kapab di ou sa, gen anpil filozòf ki fini epi ki p ap fè anyen nan peyi a. Si gen leta, leta serye, leta ki rele leta tout bon, yo ta di: «Nou pral kreye travay pou mesye sa yo. Nou pral bati yon seri sant tout kote

nan pwovens yo pou al montre moun li ak ekri. N ap ba yo yon ti kòb, n ap ba yo manje, bwè». Gen anpil jenn gason tankou m ki ta renmen travay ak pèp la, ki ta renmen wè bél pou Ayiti. Se ta touskilfo pou ta reponn prezan, pou al ede lòt yo. Mwen konn ap diskite sa ak yon seri kondisip mwen nan lise a, kijan nou ta kontan fè yon seri bagay pou ede moun nan peyi a ak jèn yo si tout fwa te gen yon gouvèlman ki t ap ban nou yon bourad. Nou gen bél ide se vre etan jenn gason men nou pa gen lajan, nou pa gen pouvwa pou ta ede lòt yo. Ide sa yo pou otan p ap efase nan tèt nou malgre mizè ki gen nan peyi a. Tanzantan, n ap anpile yo, n ap pran ide tou nan men lòt moun save ki konsyan de bagay yo e ki ta renmen bagay yo chanje. Ayiti gen anpil nèg save ki ta renmen bagay yo chanje. Ayiti gen anpil nèg ki vwayaje, ki al etidye aletranje epi ki tounen vin viv Ayiti. Yo konnen gen pwoblèm ak koripsyon, yo wè yo

men yo pa vle pale de yo oubyen tou yo benefisye de yo. Se sa m rele entelektyèl komokyèl egoyis soudevlope tisousou. Lè w ap gade yon seri timoun sou Pòtay la k ap siye machin, k ap mande, leta te ka fè yon jan ak yo, kreye yon sòt òfelina pou yo tèlke Lafanmi Se Lavi, mete kantin nan òfelina sa yo. Anpil timoun sa yo pa gen paran, yo lage nan lari a. Yo ta ka sèvi peyi a denmen si leta te sousye de yo. Anpil gen tan tounen ti delenkan paske leta pa sousye de yo. Malgre tout pwoblèm grangou ki gen nan peyi a, gen kote nan pòtoprens lan manje ap gaspiye chak jou. Gen tip machin w ap gade, pa menm gen wout pou kouri yo. Se kòmsi m ta di w yon sòt biblo byen chè ou achte mete nan yon salon. Gen yon seri kote, mwen konn al vizite nan Pòtoprens lan, se tankou yon sòt paradi sou latè, yon seri bèl chato, gran lam machin, jaden andedan an, pisin, gwo bayè an fèfòje, gwo chen; bòn ak gason lakou fè kenken kote sa yo. Se

kòmsi m ta di se lè ou antre nan yon faktori kote yo fè boul epi ou wè fanm len sou lòt k ap koud boul bezbòl. Moun sa yo ak leta konnen gen malere tou nan Pòtoprens lan. Anpil gen biznis yo nan Kwabosal la. Lè w ap reflechi vre, w ap di depi lontan se nan Kwabosal pifò gen biznis yo, se la yo fè milyonven. Se plis malere ki achte komès an gwo nan men yo pou al vann an detay. Poukisa tout gwo komèsan sa yo pa mete ansanm pou refè Kwabosal, pou retire labou ladan I, touye mouch, retire fatra, dezenfekte tout santò, netwaye anba galri yo? Si yon moun reyèlman renmen peyi li se pa sèlman chita sou wozèt li ap jwi men fò I wè sa ki pa ka jwi yo tou, fò I eseye fè yon bagay nan sosyete a k ap ede lòt moun.

(Sonson) — Monchè lè yon moun pase lekòl epi li sousye de malere, de pwoblèm peyi a, se bèl bagay. Se chak jou mwen wè m aprann yon bagay lè m ap pale ak ou.

Tanzantan ou fè m wè klè. Lè w ap gade vre, gen yon seri pwoblèm nan peyi a, gen moun ki panse se konsa Bondye vle bagay yo ye. Men se lè ou jwenn nèg save tankou ou, ki konn enpòtans malere, nèg ki sousye de peyi a, se lè sa a ou vin rakonte ou te nan lèrè. Gen defwa mwen konn tande y ap preche kouman Bondye bon, nou tout se ptit li. Mwen vin di si nou tout se ptit li enben malere yo se ptit li tou. Kesyon m ap poze tèt mwen se: poukisa gen moun rich ak moun pòv? Poukisa nan tan sechrès sa a gen kote manje ap gaspiye nan Pòtoprens epi gen moun ki grangou sou Pòtay la, Site Solèy, Bèlè, Kwabosal, Soudal e tandòt kote? Youn nan prèch Titid yo ke m renmen tande lè w ap pase kasèt la se lè pè a di: «Kat la mal bat, fòk li rebat; gen moun anba tab la, fòk yo chita bò tab la». Donk, lè ou reflechi sou prèch sa a, ou vin remake se lèzòm ki mechan, se lèzòm ki pa sousye de frè l yo. Ou fè m vin wè ke tout moun save

pa menm; genyen ki ta renmen wè yon chanjman. W ap gade vre yon jenn gason save tankou ou ki vin fè tout klas li epi ou p ap fè anyen serye paske ou pa gen lajan; ou pa gen parenn nan Pòtoprens. Si bagay yo te bon, si te reyèlman gen gouvèlman ki te sousye de jenn filozòf tankou ou, gen anpil bagay ou ta ka fè pou peyi a. Lè m ap gade timoun sa yo w ap bay lenstriksyon, se ta touskilfo pou ta wè yon seri filozòf tankou w nan tout bouk nan peyi a k ap enstwi moun. Depi m piti m ap tandé menm chante a: Ayiti se yon peyi pòv. Epoutan, kòm ou di, gouvèlman yo konnen pwoblèm yo men se vle yo pa vle solisyone yo. Lè ou ban m istwa kouman ou antre Lise Petyon, mwen sezi. Alò ou konnen se nèg andeyò m ye. Mwen pa t janm gen chans pase lekòl pou aprann li ak ekri. Men, mwen toujou konnen depi yon moun rive Pòtoprens, ou alèz, w ap ka ale lekòl fasil paske gen lekòl gratis. Monchè, tandé ak wè se de vre. Fò ou konn la pou al

la. Lè m ap reflechi, m ap gade yon seri bouk nan Pòtoprens lan, m ap wè yon seri timoun nan lari k ap mande, k ap siye machin, m ap pale tèlkòm timoun sou Pòtay la, Site Solèy, Bèlè, Kwabosal, Soudal; timoun lamas, ou konprann. Se lè sa a, mwen vin wè yon seri reyalite; leta pa kreye anyen pou yo. Se pa yo ki chwazi rete ap drive nan lari a. Ay! Lè yon nomm an pwovens epi ou gen fanmi ou Pòtoprens, ou pa konn sa y ap pran. Lè w ap gade vre, se pa de kòb leta ranmase nan men ti komèsan malere nan peyi a; ou pa konn kote lajan sa yo pase. Lè w ap gade, si Ayiti te bon vre, yon nomm pa ta bezwen pati al lòt kote. Ou rete travay vye tè ou, jwenn dlo pou wouze yo. Si leta te mete omwen yon ponp dlo nan chak bouk pou wouze tè annatandan, pwoblèm sechrès la t ap pran mwens pase senkan pou solisyone l. Malere yo konnen sa yo bezwen men yo pa vle ba yo l. Malgré gen sechrès Ayiti, nan anpil bouk mwen pase m

wè yon sous dlo. Bon, mwen konnen nou pa gen anpil tè plenn menm jan ak Nanpanyòl men yo te ka kapte sous sa yo, fè yo moute mòn pou al wouze tè. M ap gade yon seri machin Nanpanyòl k ap travay tè; si abitan ayisyen te jwenn bagay sa yo pou travay, afè sechrès la se yon mo moun pa t ap pale de li. Tout abitan Ayiti renmen travay kit li se fanm kit li se gason men pa gen zouti ki rele zouti pou travay menm jan mwen wè Nanpanyòl. Anpil Ayisyen mwen konnen nan anpil bouk ki pati se akòz tè yo ke yo pa ka travay, yo pa jwenn tè pou travay, manke manje nan peyi a. Se rezon ki te fè mwen menm, Mèsidye, Poulik ak Nènè kite Kapòl pou ale Nanpanyòl. Pòv Poulik ak Nènè! Gade yo retounen Kapòl de men vid epi bagay yo vin pi mal. Kisa yo pral fè anba a? Mèsidye menm, mwen pa konn si l moute si l desann, si l kache Nanpanyòl, si yo pimpe l Ayiti. Lè ou vin reflechi tout bon vre, ou wè si te gen bonjan gouvèlman nan peyi a depi lontan,

peyizan ayisyen pa ta al pran sabò Nanpanyòl. Yo ta rete travay vye tè. Malgre tou, mwen konnen bagay yo p ap rete konsa toutan. Fòk sa chanje yon lè! Fòk sechrès disparèt Ayiti, fòk krim sispann, fòk peyizan jwenn tout sa yo bezwen pou pa kite peyi a!

(Aselòm) — Bagay sa yo se pa nan lekòl ou aprann yo tonton. Gen anpil reyalite yo pa pale de yo sitou pandan e apre diktati ventuitan an. Tout bagay te kontwole: lekòl, legliz, jounal, radyo, televizyon, bouch, anfen tout bagay ki ta bay pèp la enfòmasyon. Pou konprann bagay yo byen, fòk ou esperyanse yo, ou wè yo chak jou menmsi ou pa pale de yo. Pa egzanp, mwen gen kondisip nan lise a ki pase menm kalvè ak mwen. Genyen ki te la a nan Pòtoprens lan; manman yo ap degaje yo nan Kwabosal la. Donk, vrè reyalite peyi a, yo pa t anseye li lekòl pandan diktati a ni tou yo pa anseye

I kounyeya. Kilès ki pral pale ou de krim lame ak zenglendo ap fè? Mesye sa yo se 2 kouzen jèmen; ou pa pale papa youn mal devan lòt. Yo ta renmen ou avèg toutan, ou toujou gen yon baboukèt nan bouch ou. Bagay sa yo, se ankachèt mwen konn reyini ak kèk bon zanmi pou nou pale yo. Si yo ta jwenn ou, nou ta mèt di antèman nou chante Fòdimanch paske depi ou rive nan labatwa sa a ou soti san ou tounen vyann, ou mèt al di Bondye mèsi chak minit. Nan menm lise a, gen elèv ki te espyon tou e fò m di ou sa fèt nan plizyè lekòl kote elèv ayisyen vann lòt elèv parèy yo pou lajan ak bèl machin. Espyon te tout kote ap fè santinèl: nan lekòl, nan travay, nan legliz, nan nayklib, nan lame, anfen tout kote. Se sòt baboukèt sa a m ap pale a. Gen anpil elèv mwen konnen ki disparèt; se pa dyab ki pran yo, men se lòt elèv ki denonse yo. Pafwa elèv espyon sa yo konn mache ak ti tepikòdè ankachèt pou pran vwa moun pote ale. Donk,

yon moun pa t ouvè bouch ou konsa konsa pou pale de reyalite. Lè ou pèdi yon zanmi; ou pa wè l, ou fè rapò lapolis. Bon, yo toujou di ou y ap mennen envestigasyon, yon envestigasyon ki pa janm abouti a yon solisyon.

(Sonson) — Monchè Aselòm dapre sa m gentan aprann nan men ou, mwen gen yon anvi pou aprann li ak ekri sitou si m pral nan gran peyi. Mwen ta renmen konn siyen non m anvan m pati. Ou pa janm konnen kijan m ka ede lòt Ayisyen tou. Gen yon bagay ou te di ki ban mwen yon dal ankourajman; ou di: «Yon moun kapab aprann li ak ekri nenpòt lè kèlkeswa laj li osilontan gen moun k ap ede l oubyen gen lekòl gratis pou l aprann». Lòt bagay ki vin ban mwen plis ankourajman se lè ou di tou: «Anpil nan ewo aysiyen yo se nan di kèk ladan yo te aprann li ak ekri». Mwen di olye pou m chita nan kay la pafwa san fè anyen, pito m koumanse pran ti lesон

tanzantan nan men ou, aprann nimewo tou. Mwen remake nan bank bòlèt la nèg yo fè yon magouy ak mwen. Mwen te jwe yon boul; li soti dezyèm lo epi yo peye m twazyèm lo. Se apre m ap reflechi, mwen t ap pale ak kèk nèg Okay; mesye sa yo lizib. Mwen di yo se tèl nimewo m te achte epi I fè dezyèm lo. Se jis apre m vin remake se twazyèm lo yo te peye m. Magouyè yo remake m pa lizib, yo dòmi sou mwen.

(Aselòm) — Bon tonton Sonson, se tout yon plezi pou m koumanse ak ou jodiya. Gen anpil moun ki pa konn li ke yo fè anpil abi. Ou se youn nan viktim sa yo. Gen magouyè se plezi yo sa pou eksplwate moun ki pa konn li ak ekri. Lè yo wè je ou klere, yo reflechi anvan yo aji. Mwen gen yon tablo la a; li pa tèlman gwo menm jan ak sa kote m bay lesan an, men n ap koumanse itilize I. Depi yon moun pale yon lang, li ka aprann ekri I alèz. Tout sa yon moun di nan lang

kreyòl la, li ka ekri l tou. Tout moun pale lang manman yo anvan yo aprann ekri l. Yon lang gen sa yo rele «son», sa vle di sa ou tande, kijan yon mo sonnen. Apre son, ou gen sa yo rele «lèt». Se chak gress lèt ou kole ansanm ki vin ba ou plizyè son; lè ou divize plizyè son, sa rele «silab». Ban m ekri lèt ki reprezante son sa yo sou tablo a:

a	à	an	ch	d
e	è	en	f	g
h	i	j	k	l
m	n	o	ò	on
p	r	s	t	u
v	w	y	z	

Tout son diferan sa yo rele «alfabè». Ban m ajoute kèk son pou ou ankò:

ann am òn onn  
èn èm ou

Nan alfabè, gen sa yo rele «vwayèl» ak «konsòn». Lè ou melanje yo ansanm, yo vin ba ou yon «mo». Anpil mo fè sa yo rele yon «fraz». Kounyeya, mwen pral di yon seri mo epi m ap ekri yo. Pou chak mo sa yo, w ap fè yon fraz ak yo. Te m ba ou yon egzanp:

mo                fraz

sechrès        Akòz *sechrès* la, abitan yo pa jwenn manje.

(Sonson — Mwen konprann. Ou mèt ale.

(Aselòm) — Oke, te m koumanse; m ap ba w mo epi w ap fè frak ak yo.

**aletranje**     Si pa t gen *sechrès* Ayiti, anpil *Ayisyen* ta pral *aletranje* kòm touris.

**Ayiti**           *Ayiti* se peyi tout *Ayisyen*.

**batey**           *Peyizan ayisyen* sot pran souflèt nan *batey* yo.

**chèf**              *Chèfseksyon* ap fè *peyzan abi*.

**diktati**           *Diktati* taye banda l toutan solèy demokrasi pa leve.

**edikasyon**        *Edikasyon* dwe premye zouti pèp la.

<b>endependans</b>	Pèp la panse 7 fevriye te dezyèm <i>endependans</i> li.
<b>egoyis</b>	Anpil Ayisyen <i>egoyis</i> .
<b>entelektyèl</b>	Se pa tout <i>entelektyèl</i> ki sousye de pwoblèm peyi a.
<b>esklav</b>	Ayisyen travay kou <i>esklav</i> nan batey yo.
<b>espyon</b>	<i>Espyon</i> tout kote ap tande sa moun ap di.
<b>ewo</b>	Tousen, Desalin, Chalmayperal, Asistid se kat gwo <i>ewo</i> Ayisyen.
<b>fatra</b>	Kwabosal chaje ak <i>fatra</i> .
<b>gouvèlman</b>	Anpil <i>gouvèlman</i> ayisyen se magouyè.
<b>grangou</b>	Grangou pa dous.
<b>grinbak</b>	Devan <i>grinbak</i> , magouyè pa fè bak.
<b>istwa</b>	Yo pa anseye vrè <i>Istwa</i> Dayiti nan lekòl Ayiti.
<b>kamoken</b>	<i>Kamoken</i> pa danse kole ak Papa Dòk.
<b>kandida</b>	Se yon seri kandida ki pral defann patri pòch.
<b>klas</b>	Mwen chonje tonton Pyè lè m ap gade timoun yo nan <i>klas</i> la.
<b>komèsan</b>	Anpil gwo <i>komèsan</i> pa peye taks.
<b>kominis</b>	Nan diksyonè anti-makout, mo <i>kominis</i> lan vle di: moun ki kont zak malonnèt Papa Dòk yo.
<b>komokyèl</b>	<i>Ayiti</i> plen entelektyèl <i>komokyèl</i> .
<b>konstitisyon</b>	<i>Konstitisyon</i> se papye ijyenik diktatè.
<b>koripsyon</b>	Magouyè renmen <i>koripsyon</i> .
<b>koudeta</b>	<i>Koudeta</i> agoch, koudèta adwat.
<b>krim</b>	Lame ak zenglendo fè anpil <i>krim</i> .
<b>Kwabosal</b>	Se nan labou <i>Kwabosa</i> /anpil gwo komèsan gen biznis.
<b>lafen</b>	<i>Lafen</i> touye anpil moun ak bèt.

<b>lame</b>	<i>Lame sa a ak pèp la se lèt ak sitwon.</i>
<b>lekòl</b>	<i>Leta te sipoze mete /lekòl/nan tout peyi a.</i>
<b>leta</b>	<i>Anpil /leta nan magouy.</i>
<b>liberasyon</b>	<i>Pèp la bezwen /liberasyon li.</i>
<b>libere</b>	<i>Ayiti va bèl lè l a /libere.</i>
<b>makout</b>	<i>Makout pa ladan.</i>
<b>malere</b>	<i>Malere pa vye chen.</i>
<b>malpouwont</b>	<i>Malpouwont yo kontinye ap mache sou moun.</i>
<b>mannigèt</b>	<i>Y ap fè manningèt pou pèp la pa janm gen yon lidè.</i>
<b>matyavèl</b>	<i>Yon diktatè se yon gouvèlman matyavèl.</i>
<b>mizè</b>	<i>Fòk mizè fini Ayiti!</i>
<b>Nanpanyòl</b>	<i>Sechrès la fè anpil peyzan al Nanpanyòl.</i>
<b>òfelina</b>	<i>Lafanmi se lavi se yon òfelina Titid te fè bati pou ede timoun nan lari men malpouwont yo boule l.</i>
<b>panzouyis</b>	<i>Panzouyis yo panse pèp la enbesil.</i>
<b>parenn</b>	<i>Si ou pa gen yon parenn oubyen grinbak nan Pòtoprens ou ka pran pàn.</i>
<b>peyzan</b>	<i>Yo vòlò tè peyzan yo.</i>
<b>pimpe</b>	<i>Panyòl yo ap pimpe braseros* yo Ayiti.</i>
<b>politik</b>	<i>Moun pa pale de politik Ayiti.</i>
<b>popetwèl</b>	<i>Apre koudeta a, yo chwazi yon prezidan popetwèl.</i>
<b>save</b>	<i>Gen moun save ki egojis epi ki magouyè.</i>
<b>sechrès</b>	<i>Sezon sechrès la fè anpil peyzan kite peyi a.</i>
<b>soudevlope</b>	<i>Move gouvèlman soudevlope Ayiti.</i>
<b>tire</b>	<i>Fòk lame sispann tire sou pèp la!</i>
<b>Tonton Sam</b>	<i>Chalmayperal te yon ewo ayisyen ki te lite pou wete Ayiti anba grif Tonton Sam.</i>

**vandèdpeyi** Anpil chèfdeta ayisyen se *vandèdpeyi*.  
**zenglendo** Lame sa a ak *zenglendo* se kouzen jèmen.

(Sonson) — Ay! Monchè, zafè konn li a se bagay serye. Gade tout sa m gentan aprann. Mwen santi tanzantan lespri m ap ouvè. Se kòmsi m ta di ou se yon tan ki te maske epi I koumanse demaske lè solèy ap leve.

(Aselòm) — Tonton Sonson, mwen pa janm gen yon élèv entelijan tankou ou. Ou gen tan kenbe tout bagay sa yo nan tèt ou?

(Sonson) — Bagay yo tèlman reyèl, lè ide yo vin nan tèt mwen m pa konnen. Epitou mwen aprann anpil lè timoun yo t ap reponn kesyon nan klas la ak ti konvèrsasyon nou te vin fè apre sa. Mwen te anvi aprann. Se kòmsi m ta di ou mwen te tankou yon tè ki te bezwen lapli; lè tè sèk sa a vin jwenn lapli, ou santi ou ta pwofite plante tout plan ou te genyen sere. Monchè de je yon nonm ka ap klere epi li avèg. Se konsa m santi m

te ye anvan m te koumanse vin nan klas ou a. Se kòmsi m ta di ou yon sòt vwal ki te kouvri je m. Tanzantan, m santi vwa l sa a prale.

(Aselòm) — Sa ou di a gen yon enpòtans total-kapital lè w ap analize 85% (katrevensenk pou san) pèp la ki gen 2 je men ki pa wè. Gen yon vwal ki kouvri je l men se pa li ki mete l. Anpil moun gen menm swaf sa a ou te genyen an men yo pa ba yo bwè.

## SETYÈM CHAPIT

*Lendi a twazè, tout elèv yo fin pran egzamen an.  
Aselòm pral travay sou bagay kiltirèl ak elèv yo.*

(Aselòm) — Semèn pase, nou te fè yon kanpe sou kilti pou nou te fè yon revizyon istwa anvan egzamen an. Nan dènye klas kilti a, nou te pale de Bouki ak Malis kòm kont ki pi popilè nan foklò ayisyen. Mwen te mande kèk elèv pou ekri yon kont epi pase devan klas la pou li l. Nou te wè kèk powèm tou epi nou te kòmantè sou yo. Pou premye aktivite jodiya, n ap kòmanse ak kont yo. M ap mande elèv ki t ap ekri kont yo pou leve men yo epi vin li youn devan klas la. Oke, Marijo pral li kont li te ekri a.

(Marijo) — Tit kont mwen an rele «Elefan fè yon konferans sou pwoblèm bêt sovay t ap konfwonte».

*Elefan t ap fè yon konferans sou pwoblèm bêt sovay t ap konfwonte. Plizyè bêt te reyini nan sal konferans lan. Lè elefan te fin fè diskou l, li di: «M ap pase kòn nan bay bêt ki pi lèd la pou l ban nou yon dènye rapò sou nouvèl k ap fè toubouyon nan forè a». Makak te voup li kanpe epi li di: «Mwen pèdi tout dosye ki gen enfòmasyon yo pandan mwen t ap fè lakilbit». Elefan di misye: «Men kilè w ap pran bagay oserye?». Makak te santi l vekse epi l reponn elefan: «Gade, pa fout penmèt ou ranse ak mwen! Se granmoun ki non m!. Epi li te kontinye ap pale: «Youn nan gwo pwoblèm m panse anpil bêt ap konfwonte, se yon pwoblèm espas paske elefan yo vin pi gwo de jou an jou e n ap mande jis kibò sa prale. Pa egzanp, nou ka wè sa nan sal la kòman moun chita an kabrit paske ti elefan yo pran twòp plas». Elefan ak tout sajès, te souke de fèy zòrèy li lè Makak te fin pran lapawòl. Makak, kòm nèg ki san respè pou gwo zotobre, te annik voye yon koudèy nan sal la epi li wè Lyon chita dèyè a. Li fè yon ti avanse kote Lyon; li di: «Vin pran kòn nan ti mall!». Tout bêt te santi yo deranje pou jan makak te pale ak wa a. Se konsa yo te kòmanse bat chalbari dèyè makak poutèt dega li sot manke wa a. Dapre yo,*

*makak se yon nèg frekan, azade ki monte chwal malentespri. Non sèlman fanmi wayal la te ennève, menm Chwal ki youn nan manm envite donè yo te pran lwa. Lòt lyon yo pa te vle al nan okenn tire pye ak makak pou yo pa desann valè yo. Yo te kite lòt bêt defann yo. Tig, kòm youn nan avoka yo, te bay makak yon madichon pi rèd pase sa chen te bay chat la mèkredi granmmaten anba pye zaboka. Li te di makak: «Ou wè timoun frekan, enben se nan simityèl y al fè bab». La tou, yon lafyèv frison te pran Makak epi ke l te vin rèd tankou yon gress bal. Pou evite twòp eskonbrit, Elefan te pran kòn lan nan men Tig pou li te bay konpè Chat lapawòl. Chat pran kòn lan byen rapad epi li di asanble a: «Mwen pa t gen okenn diskou prepare men mwen pral di yon kout priyè». Kòm pwovèb la di «privé, veye», Chat te kite yon gress je l ouvè pou l te ka kontwole konpè Chen pandan priyè a epi l kòmanse priye: «Papa m ki nan syèl la, mwen k ap priye a, ou konnen kilès mwen ye. Mwen mande ou pou netwaye peche mwen ak kèk bon zèl poul. Mwen sèmante swasanndisèt fwa sèt pou mwen pa janm gade poul sou bwa. Mwen mande ou jistis pou konpè chen ki vle detwi ras beni sa a. Mwen mande ou tou pou chase move zangi sa yo*

*Iwen de nou afenke nou kapab genyen plis libète. Mwen p ap kenbe ou twò kontan paske m konnen ou okipe anpil. Ou déjà konnen bi priyè mwen. Mwen t ap di ou tou pa blye pwomès rat ou te fè m nan. Mwen mande ou tou pou miltipliye mantèg sou latè non sèlman nan bon sezon men nan sezon sechrès tou. Ou va modi tout ras Chen k ap viv sou latè. Ensiswati!!*

*Chen yo t ap pete nan po yo pandan priyè a. Yo pa te ka tann Chat fini pou y al koresponn ak li. Se konsa ekip solid sa a te pati dèyè Chat nan sal konferans lan. Elefan reyalize ke konferans lan te yon veritab gagòt paske anpil lòt bèt pa te gen tan prezante revandikasyon yo. Elefan frape pye li twa fwa kòmkwa pou l ta di yon kout tonnè. Li fè yon reflechi yon ti moman, epi li di: «Bon, koze lagè a gen lè se li ki gwo pwoblèm nan forè a. Poukisa nou pa ka viv an pè? Apati jodiya, ke lapè reye nan forè a». Se konsa elefan te klotire reyinyon an, epi tout bèt te pran chemen lakay yo.*

*(Aselòm) — Trè byen Marijo! Se tou pa Wowo kounyeya pou yon kont.*

(Wowo) — Tit kont mwen an rele «Gade yon mirak!»

*Nou konnen Ayiti se yon peyi ki chaje ak mòn epi / pa fasil pou travèse yo. Apre premye endepandans peyi a, te gen yon kolon ki t ap vwayaje Ayiti. Bi li se pou l te jwenn min men li pa konn peyi a byen donk, li bezwen yon gid ak yon milèt. Li rive nan yon ti bouk, te gen yon vye tonton nan zòn lan men se yon kote ou pa jwenn moun souvan. Kolon an te gen anpil pwoblèm lè / vin jwenn granmoun nan. Misye di l ap gide kolon an epi / ap lwe li yon milèt. Denmen byen bonè, yo pati, yo chak monte yon milèt. Yo fè yon dal jou ap vwayaje. Apre sa, peyizan an retounen nan ti bouk la sou yon milèt epi / rale lòt la dèyè / san kolon an pa sou li. Tonton an rive kote yon legliz epi / ap rele byen fò: «Gade yon mirak! Gade yon mirak!». Pè a t ap priye andedan an epi misye sote; li kite priyè a li sot deyò. Lè pè a gade, li jis wè yon tonton k ap rele: «Gade yon mirak! Gade yon mirak!». Pè a mande tonton an kote mirak la. Tonton an di l Lasentvyèy fèk sot fè yon mirak. Li di pè a: «Pandan m t ap gide yon kolon nan mòn sa yo, apèn nou rive bò yon gwo twou, milèt pa m nan*

*te devan, li voltje twou a. Milèt kolon an menm rive bò yon falèz; li kanpe sèk. Kolon an sot tonbe, li woule desann anba a; li pa leve. Milèt la menm rete kanpe bò falèz la ak tout sèl li sou do l. Mwen pa janm wè mirak konsa». Pè a di tonton an: «Sa pa rele mirak, se yon devenn». Tonton an ensiste ke se yon mirak paske yon milèt koute tèt nèg men gen anpil kolon.*

(Aselòm) — Bravo Wowo! Ann pase nan seksyon powèm kounyeya. Kilès ki vle resite youn nan dènye powèm nou te wè yo? Oke, kilès w ap resite Yayàn?

(Yayàn) — M ap resite «Fòk sa fini!».

*Lè m gade Ayiti, lè m gade Ayisyen,  
M rele de rant dlo nan je.  
Anmwe! Anmwe! Ayisyen, Ayisyen,  
gade kote nou ye!  
Ann sèmante pou n di fòk sa fini!*

*Ann sèmante pou reken pa manje frè nou yo!  
Ann sèmante pou nou pa vann yo lòtbò dlo!*

*Frè m yo, kilè n ap di fòk sa fini!  
Kilè n ap goumen pou prestij nou?*

*Pou sa fini,  
Fòk nou tout ini,  
Fòk nou chase tout malfini!  
Yon jou, fòk sa fini!*

(Aselòm) — Trè byen Yayàn! Nou pral tandé  
Pòl kounyeya.

(Pòl) — M ap resite «Dezyèm  
Endependans».

*Mwen tandé yo di Ayiti libere 7 fevriye 86  
Mwen bay de kout ri, kwe kwe  
Ann sispann kwè nan tonton Nwèl!  
Ann sispann bwè nan bibon!  
Ann kòmanse bwè nan boutèy!  
De ki endependans y ap pale?  
Mwen bay de kout ri, kwe kwe.  
Ou ka pran sant yon dezyèm endependans.  
Se yon bél rèv men li pokò fèt.  
Se yon ti bebe ki nan vant toujou*

*Men li pokò akouche.*

*Ayiti ap endepandan se lè nou tout ini*

*Ayiti ap endepandan se lè tout chen va souse yon zo*

*Ayiti ap endepandan se lè tout fatra va disparèt.*

*Se lè tout chen va manje ak chat*

*Se lè lou va manje ak ti mouton*

*Se lè tout moun brete va mache dwat*

*Se lè tout avèg va wè*

*Se lè dwadelòm p ap vle di dwèt moun*

*Se lè Tipouchon va di Sentaniz: ann fè yon sèl*

*Nou tout se Ayisyen; ann pouse pou pi devan!*

*Se lè sa a n a di: Dezyèm Endepandans!*

(Aselòm) — Yon bravo pou Pò!! N ap tande  
Rene kounyeya.

(Rene) — Powèm mwen pral resite a rele  
«Ayiti pou Ayisyen».

*A chak fwa m ap panse a peyi m,*

*De rigòl dlo sot nan je m.*

*Se yon kote m pa ka bliye*

*Paske se la lonbrik mwen plante.*

*Ayiti, Ayiti, kilè w ap lib tout bon?  
Ayisyen, Ayisyen, kilè n ap met tèt ansanm?  
Ann sispann di chen manje chen!  
Ann sispann di chak koukouy klere pou je w!  
Si granpapa nou yo pa t met tèt ansanm,  
Nou pa ta gen peyi sa a.  
Ayisyen, Ayisyen, yon sèl dwèt pa manje kalalou.  
Ayisyen, Ayisyen, ann travay pou peyi nou!*

(Aselòm) — Trè byen Rene! Yon dènye  
powèm kounyeya. Oke, Sentaniz.

(Sentaniz) — M ap resite «Montre m pito».

*Pechè, mwen abitwe ak ou.  
Pa fè m kado ti grenn chak kou!  
Ou sèmante  
Pou pa montre m peche,  
Ou refize  
Montre m ranje privye.  
Ou ban m al plen kalbas  
Men ou refize montre m tann nas.  
Ou mennen m al achte  
Men ou pa montre m plante.*

*Pechè, p ap ban m ti gress chak kou  
Men montre m kenbe tou!  
Pechè, p ap annik ban m al plen kalbas  
Men montre m tann nas!  
Pechè, p ap annik mennen m nan mache  
Men montre m plante!*

(Aselòm) — Trè byen Sentaniz! N ap kanpe la pou jodiya ak pati kiltirèl la. Pou devwa, m ap mande pou nou medite sou kont sa yo ak powèm yo epi ekri sa nou panse de kont yo ak yon ti kritik sou sa nou te diskite sou powèm yo deja. Mwen remèsyé tout elèv ki te patisipe e sa ki pa t gen tan patisipe nan klas la men yo t ap tandé, yo t ap suiv. Se va tou pa yo yon lòt fwa. Babay tout moun, fèt atansyon nan lari a!

*Tout elèv yo ale epi Aselòm ak Sonson soti nan klas la. Pandan y ap mache, yo rive ant Granri ak ri Senmaten, Aselòm apèsi Onèl. Misye apèn sot nan sid. Li se moun Lasalin, pa lwen ak Kapòl. Onèl se yon gwo machann chabon, misye vin Pòtoprens souvan pou regle biznis li. Kòm bagay yo vin pa*

*mache nan sid, gen yon moun ki t ap regle yon zafè vwayaj pou li pou l al Matinik. Donk, tout bagay prè pou misye pati. Dyelifèt ba li yon lèt pou l bay Sonson, atestan ke l pran nouvèl li pa Nènè.*

(Aselòm) — Tonton Sonson, rete la yon ti moman m ap kouri al rele yon moun! Misye sanble ak Onèl. Ey! Ey! Onèl! Tann mwen!

(Onèl) — Aselòm! Apa se ou! Kouman nèg ye? Yo di m Sonson Pòtoprens.

(Aselòm) — Men wi, okontrè se ak misye m ye epi mwen apèsi ou men ou pa t gen tan wè nou. Mwen di Sonson rete tann mwen, m pral rele ou. Kouman ou ye menm? Sa nèg regle anba a?

(Onèl) — Monchè, se yon bagay dwòl. Peyi a fini. Moun pa ka manje, abitan pa ka travay vye rès tè yo ankò, lapli pa tonbe, mizè ap touye moun. Prèske nan tout bouk ou pase,

ou wè yo vid. Se tankou m ta di ou yon kote tan te pase, li balize tout bagay. Lòt pwoblèm ankò se mesye zenglendo yo. Se yon flewo moun pa janm wè. Lè m te piti, mwen konnen te konn gen vòlè. Bon, tout moun te konn Aleyis kòm gwo vòlè paske misye di ou se pwofesyon li. Nan tout bouk, te toujou gen yon seri vòlè anbachal tèlkòm Elifèt, Tipòy ak Toto men yo pa rele mesye sa yo kriminèl paske yo pa janm touye pesonn. Aleyis te yon vòlè ki tèlman ouvè, misye di ou li pa vòlò malere; moun sa yo plenyen twòp epi yo toujou ap ba ou madichon. Misye konn pase nan yon jaden ak tout krèy timoun li yo; li pran bannann, yanm, patat. Li pase yo lòt kote, li pran yon kochon, li pase yon kote ankò li pran yon soukri pou kwit yo. Li manje vant plen epi l mete deyò. Li konn pase kay Orilyo, li pran yon douzèn kabrit epi l pati. Misye di ou se te yon plezi pou Orilyo di ou: «A! Gen lè Aleyis te pase nan zòn lan; gen yon douzèn

kabrit ki manke». Fò ou te tandé pale de Orilyo. Se te yon gwo abitan ki rete pa lòtbò Mòn Kabrit. Lòt mesye yo te trè sèviyab; malgre yo konnen yo kòm chat mawon anbachal. Tip vòlè n ap gade kounyeya, mesye zenglendo yo, nou pa wè ak kisa nou ta konpare yo. Yo toujou ap mache ak gwo zam epi se raman pou yo pa nan machin. Si yo antre lakay ou, yo vòlò tout bagay epi si yo pa pete fyèl ou, konnen ou gen gwo chans oubyen kèk bon lwa ginen sou ou. Se yon epidemi moun pa janm wè.

(Onèl) — Gade yon nèg! Se ou menm Sonson?

(Sonson) — Onèl ptit! Se ou? Kouman ou ye? Apa m wè ou!

(Onèl) — Gade Sonson mesye! Mwen di Bondye mèsi nou youn wè ak lòt. Lè m wè ou, mwen chonje gwo sezisman moun Kapòl

ak nan bouk yo te fè lè yo wè Mèsidye  
antre sot Nanpanyòl.

(Sonson) — Pa betize! Ki Mèsidye w ap  
pale?

(Onèl) — Mèsidye Lerison!

(Sonson) — Mèsidye anba a?

(Onèl) — Monchè m wè Mèsidye. A! Misye  
desann nèt; figi l byen zo. Li rakonte m sa l  
sot pran Nanpanyòl ak kijan yo pimpe l isit,  
se bagay tèrib.

(Sonson) — Monchè Onèl, mwen te konn wè  
Mèsidye pandan m lòtbò a. Nou vin pèdi  
kontak nan senmenn yo t ap ranmase  
Ayisyen voye Ayiti a. M ap di kote Mèsidye  
dwe ye, si l monte ak si l desann paske gen  
nèg ayisyen ki okouran Panyòl yo te dèyè yo  
epi yo gen tan bwaze y al kache lòt kote. Si

yo gen tan mete lapat sou ou, yo p ap ba ou dwa pou pran anyen; y ap nèke pimpe ou Ayiti.

(Onèl) — Lòt nèg ki fè moun sezi ankò se Nènè ak Poulik lè mesye sa yo rive Kapòl. Mwen ta pral chache fèy kokoye ak Dyelifèt ak kèk lòt zanmi pou fè yon tonèl pou Deliram epi m kwaze ak yo.

(Sonson) — Tonèl! Sa pou Deliram fè tonèl la?

(Onèl) — Li te gen lanmò.

(Sonson) — Lanmò! Wozita mouri?

(Onèl) — Non, se yon pitit li ki te mouri konpè Sonson.

(Sonson) — Kilès ladan yo?

(Onèl) — Youn ki rele Sentou.

(Sonson) — Podyab! Kisa l te genyen?

(Onèl) — Bon, konpè m anpil fwa timoun yo mouri nan bouk la gen moun k ap di se lougawou, se sesi, se sela. Monchè anpil timoun yo ki mouri se mizè a ki pote yo ale. Se dangoye Deliram ak Wozita ap dangoye pou bay sis timoun manje. Yo konn fè yon senmenn san manje. Bon, n a retounen sou zafè lanmò a. Epi pandan n ap pote fèy kokoye yo, mwen wè yon bis ki fè Lazil rete devan kay Asèn nan. De nèg desann; yo chak gen yon sache nan men yo. Mwen wè yo yon ti jan etranj. M ap di nan kè m piga nèg sa yo se zenglendo yo ye non. Men m pa pè paske mwen menm, Dyelifèt ak lòt nèg yo nou chak te gen yon koulin byen long byen file nan men nou. Epi youn ladan yo di: «Eskize m mesye, nou apèn desann bis la; n ap chache kay Deliram; ou ka montre nou

chemen pou al la?». Mwen di mesye yo ak plezi; ou konnen, mwen pa nèg ki prese, mwen toujou ap reflechi epi m ap pale ak yo, m ap ba yo fil anka mesye yo se atoufè yo ye. Kòm li te fè cho epi m te gen yon grap kokoye nan men mwen; se lizaj, mwen mande mesye yo si yo vle m koupe de kòk pou yo. Bon, mesye yo byen kontan paske yo te fatige anpil apre vwayaj la epi gòj yo te sèk. Donk mwen fè Amòs rete ak mwen epi m pwoche kote lòt nèg yo, m di yo pote fèy kokoye yo ale; di moun yo nou dèyè n ap vini. Mwen pa vle fè Deliram sipriz kòmkwa pou m ta di mesye yo pou yo di l ke l ap gen gen vizitè. Mwen di Dyesèl di lòt mesye yo ke yo pa bezwen soufle Deliram ke l ap gen vizitè. Ou konn tèt malere a déjà bwouye, konprès sou tèt li epi se ti rès tè l te genyen an li pral vann pou peye frè antèman pitit la. Mwen pa vle pou misye al sote; l ap gen tan wè Nènè ak Poulik kanmenm. Mwen fin koupe kòk yo epi mesye yo koumanse

bwè. Mwen mande yo kikote yo moun. Toulede di yo se moun Kapòl. Mwen ak Dyelifèt nou youn gade lòt, kòmkwa si yo se moun nan bouk la kouman fè yo pa konn kay Deliram. Men yo wè nou yon ti jan pa vle kwè yo. Youn ladan yo di: «Nou kite bouk la lontan. Se Nanpanyòl nou te ale nan koupe kann epi yo pimpe nou Ayiti». Mwen mande yo si yo konnen yon sèten Mèsidye, nèg Kapòl. Yo mande m si se pa Mèsidye Lerison; konpè Dyelifèt gade m ankò tèlkòm mesye yo pa zenglendo. Mwen di wi; se vrè non misye. La tou, mwen mande mesye yo non yo. Youn di l' rele Poulik; lòt la di l' rele Nènè. Mwen mande si se pa Poulik Lerestan; «Se li menm», li reponn. Monchè nou toulekat makònèn ansanm, len leve lòt anlè tèlman nou kontan, tèlman nou sezi. A! Nèg yo sezi lè m di yo Mèsidye antre sot Nanpanyòl de men vid; yo pimpe misye Ayiti. Yo te gen pen nan sache yo, chak ban

nou youn. Apre nou fin pale, nou mache al  
kay Deliram.

(Sonson) — Onèl pitit! Ou fè m sezi. Ou di  
ou wè Mèsidye?

(Onèl) — Misye te nan veye a samdi swa.  
Bon, Nènè ak Poulik rive ansanm ak lanmò a.  
Lè m di ou sa a, malgre moun yo t ap kriye,  
yo te yon ti jan kontan an menm tan lè tout  
moun te wè Mèsidye, Nènè ak Poulik. Anpil  
moun te soti nan lòt bouk tèlkòm Bèlvi,  
Sannayi, Tounad, Lasalin, Moriso, Kakanm,  
Bèlè eksatera... Ou konnen konpè Deliram  
se yon nomm ke moun nan anpil bouk konnen.  
Se yon nèg ki pa janm fatige pou rann moun  
sèvis. Malgre bagay yo pa bon se vre men lè  
Deliram ak Wozita te wè tout moun sa yo  
pa blye yo, se kòmsi m ta di ou yo santi yon  
gwo fòs ki kenbe yo. Epitou prezans mesye  
ki sot Nanpanyòl yo, vin ba yo plis

konsolasyon. Kouman ou degaje ou isit Aselòm?

(Aselòm) — Bon, se tout kote nan peyi a bagay yo pa bon. Mwen sot desann bakaloreya la a, Bondye fè m pase men pa gen anyen serye m ap fè. Se ti lesón mwen bay tanzantan; konsa, lè paran timoun yo kapab, yo lage yon kraze nan men mwen. Anpil rete nan vwazinay la pa tèlman lwen ak mwen. Ann al nan ti ba a, n a pran yon bagay konpè Onèl!

*Yo touletwa ale nan yon ti ba ki rele «Rafrechisman sou Pòtay» pou pran yon bagay.*

(Aselòm) — Bonjou matmwazèl, bere twa pen pou mwen. M ap pran twa kola tou.

(Ti matmwazèl) — Ki kola ou vle mesye?

(Aselòm) — Tann yon moman matmwazèl!  
Sonson, ki kola w ap pran?

(Sonson) — Pran yon limèt pou mwen.

(Aselòm) — E ou Onèl? Mwen pa gen  
pwoblèm, sa w ap pran an, se li m ap pran.

(Sonson) — Oke matmwazèl, pote yon limèt  
ak de banana pou mwen silvouplè.

(Ti matmwazèl) — Oke mesye, m ap vin sou  
ou talè.

*Mesye yo chita; yo kontinye ap pale.*

(Onèl) — Bagay yo tèlman pa bon anba a, se  
sanble mwen t ap sanble yon ti kòb pou m  
voye kòm Matinik. Chans pou mwen moun ki  
t ap regle sa pou mwen an di m tout bagay  
anfòm. Donk, Bondye fè m jwenn yon viza  
pou ale Matinik. Se pou sa ou wè m antre

Pòtoprens. Mwen gen kèk tan depi m pa monte Pòtoprens. Lè bagay yo pa t pi mal, mwen te konn monte souvan pou m te an kontak ak pratik mwen yo, mwen vin touche ti kòb mwen. Ou konnen se an gwo yo konn pran chabon an nan men mwen epi nou pale sou peyman an. Kounyeya, menm bwa pa gen nan sid pou moun fè chabon. Se tankou m ta di ou se nan yon dezè w ap mache men ou jwenn kèk kretyenvivan ak kèk bèt ki rete toujou. Bon, pale m de ou non Sonson.

(Sonson) — Monchè Onèl, gen yon seri bagay ki rive yon moun oubyen yon seri pwoblèm ki prezante epi ou wè ou pa viktim, monchè se bagay ki dwòl. Se kòmsi m ta di ou se nan yon rèv ou ye, ou wè yon malè ki pral rive ou; ou espante nan dòmi an, je ou vin klè epi malè sa a pa gen tan rive ou. Monchè, mwen annik pran nouvèl y ap ranmase Ayisyen pou pimpe Ayiti, mwen te gen yon zanmi dominiken ki rele Pedro.

Mwen prese kontakte misye. Li gen yon ti bis li fè biznis li. Chans pou mwen bandi yo pa t gen tan mete lapat sou mwen; donk, mwen pran ti kòb mwen epi m kite tout afè m dèyè. Mwen pa t vle pou chèf dominiken yo ta yon ti jan sispèk mwen pou sizanka yo ta rete machin Pedro a. Misye kondi rive Dajabon sou fwontyè, tou pre Wanament. Delaetan, mwen chape pou l mwen al Wanament epi m pran machin lage m Pòtoprens. Bon, m te konn adrès Aselòm deja, tou pre Pòtay la; mwen mache al lakay li.

(Aselòm) Bon, kòm mwen gen yon reyinyon pou m ale, monchè Onèl m ap kite ou ak tonton Sonson. Ann fè yon deplase, w a rete pale lakay ak li.

*Yo kite ti ba a; Aselòm lage yo devan kay li epi li ale nan reyinyon an.*

(Sonson) — Konpè Onèl, kay se pou ou.  
Mete ou alèz!

(Onèl) — Pa gen pwoblèm konpè Sonson!

(Sonson) — Monchè Onèl, lè m di ou kouman m An vi wè moun yo, fòk se nan kè m pou ta ye pou konprann mwen. Bon, kòm mwen di ou, chans pou mwen nèg te gentan pran ti kòb yo epi nèg kite Nanpanyòl. Lè m rive isit, m ap gade kouman bagay yo ye nan peyi a, konpare ak anvan m te kite; monchè se bagay ki ba ou dlo nan je. Lotrejou, mwen te fè yon si soti mwen al jwe yon boul nan yon ti bank bòlèt tou pre a epi mwen jwenn ak kèk nèg Okay k ap rakonte m kouman bagay yo pa bon anba a. Mwen panse sou sa; mwen vin reyalize pa gen anyen mwen pral fè Kapòl. Mwen te achte yon ti tè ak ti kòb la men tè pa bay ankò, lapli pa tonbe, abitan pa gen okenn mwayen pou wouze tè yo. Aselòm menm p ap fè anyen serye, se ti

leson I ap bay. Li fin fè tout klas li men se kòmsi m ta di ou yon machin ki gen tout bon pyès ladan epi chofè a pran pàn gaz. Pa gen okenn kote machin sa a ka ale si chofè a pa gen lajan pou achte gaz. Donk, yon nèg gen dwa filozòf isit, ou konn li ak ekri ou konn pale franse men si ou pa gen yon parenn oubyen lamama, monchè w ap pran nan twa wa. Ou konnen Aselòm se yon nèg dwat misye ye; se yon nèg tout moun nan katye a respekte paske I fè respè I. Se pa yon jenn gason ki nan magouy oubyen ki renmen magouy; nan ka sa a, li oblige soufri anpil. Se yon nèg tout timoun ap pale de byen pou li sitèlman li montre byen. Alò lè w ap gade yon seri filozòf tankou misye ki prepare, nèg save, nèg ki renmen pèp; bon misye pa rayi boujwa yo men li rayi magouy y ap fè. Se yon nonm ki pou ta rete nan peyi a pou fè edikasyon lòt jèn yo, travay epi ou wè I ap oblige kite peyi a. Se pa renmen li ta renmen pati men nèg la jenn gason; li gen

yon avni. Donk, se nan sitiyasyon sa a nou ye nan peyi a: peyizan ap fin pati, bon nèg save ap pati, moun ap mouri grangou, pri tout bagay monte bwa epi magouyè rete dèyè ap pyafe; y ap fè krim ak magouy chak jou. Mwen konnen menm jan Bondye te delivre pèp Izrayèl la nan peyi Ejip, se menm jan an li ka delivre pèp Ayisyen yon lè. Fòk Ayiti soti nan pwoblèm li ye a yon lè! Yon seri moun santi bon ki pou ta rete nan peyi a, yo oblige pati epi bandi ki p ap regle anyen serye pou pèp la se yo ki nan peyi a k ap fè e defè. Tèlman gen espyon zenglendo tout kote nan Pòtoprens, ou pa ka pale ak nenpòtreki paske lè marengwen ap vole ou pa konn mal ak fenmèl. Donk, gen yon seri bagay se andedan kay nou oblige pale yo. Sa yon nonm pa bezwen, ou pa pale l nan lari paske atoufè sa yo ka disparèt ou anvan krache sèk si ou touche pwen sansib yo.

(Onèl) — Sonson monchè, se konsa bagay yo ye? Ou se yon nonm Bondye renmen si ou ka la toujou. Monchè, malgre jan bagay yo ye nan sid, abitan yo gen espwa ke bagay yo ka chanje yon lè. Monchè Sonson, Mèsidye te sote lè li pran nouvèl ou Pòtoprens. Se mwen ki te li lèt la pou Dyelifèt. Li voye yon lèt pou ou tou; men li.

(Sonson) — Oke, tou li l pou mwen konpè m.

(Onèl) — Oke, te m ouvè l.

*Monchè Sonson,*

*Mwen pa konnen kouman mwen te kontan lè m te pran nouvèl ou. Malgre tout tan ou fè Nanpanyòl, mwen wè ou pa blye vye nèg. Sa ban m anpil kouray malgre jan bagay yo ye kounyeya. Anpil nèg ou te konnen fin kite Kapòl ak lòt bouk yo. Se pa fòt yo men mizè nan kò yo donk, yo bije mete deyò pou wè dekiprevyen. Monchè, lè ou rakonte m peripesi ou sot pase Nanpanyòl, se te ak dlo nan*

*je ke mwen t ap panse a ou menm. Mèsidye antre de men vid vin sot lòtbò a. Tout moun te etone lè i rakonte yo sa l sot pran. Se te yon sipriz lè m te wè Nènè ak Poulik. Anpil moun te blyie yo. Nou di Bondye mèsi yo antre sennesòf. Mwen swete bagay yo mache pou ou konsènan vwayaj la. Di Aselòm kenbe la piga l dekouraje; Bondye ka ouvè yon pòt pou li paske nanpwen yon priyè ki pa gen amèn. Mwen p ap kenbe ou anpil, Onèl va di ou kouman anba a ye.*

*Bon kouraj, mwen pa konnen kilè n a wè. Salye Aselòm pou mwen.*

*Konpè ou Dyelifèt.*

(Sonson) — Monchè, mwen kontan Dyelifèt te jwenn lèt mwen voye ba li a. Pale m de lòt moun yo non. Kouman Asefi, Beniswa, tonton Pyè ak Kenòl ye?

(Onèl) — Bon, Asefi la toujou. Prèske tout vye chen l yo fin mouri. Ou chonje jan li te gen yon seri gwo chen, chen michan. Yon

nonm kounyeya, menm chen ou pa ka posede paske ou pa ka jwenn anyen pou manje alevwa pou yo. Donk, ou oblige al dòmi chak swa ak koulin ou anba tèt ou pou sizanka zenglendo. Lè chen yo te la, ou te an sekirite. Yo te konn chase vòlè lè yo pase. Beniswa te nan veye a. Li t ap di kijan I kontan pran nouvèl ou lè Dyelifèt di I ou Pòtoprens. Tonton Pyè menm pa bezwen pale de misye paske I nan lye verite a. Monchè, se granmoun anpil moun pa t ka dispanse. Si timoun Kapòl ak nan lòt bouk tou pre a ta di ou yo pa konnen tonton Pyè, ou mèt konnen yo nan manti. Malgre li te gen bon ti laj men se yon nèg ki pa t janm malad men I rive yon kote li pa ka jwenn manje ankò donk, mwen kapab di ou mizè touye I. Kenòl menm, zenglendo touye I yon senmenn anvan Mèsidye sot Nanpanyòl.

(Sonson) — Kisa ou di m? Zenglendo touye Kenòl! O, Letènèl! Yon Kenòl ki pa jamn nan

anyen ak moun. Tonton Pyè mouri! Lè m di ou kouman mwen chonje granmoun sa a, se mwen ki konnen. Mwen t ap pale ak Aselòm de li lotrejou. Mwen te al fè yon chita nan klas li pou dezannwiye mwen. Lè m ap gade elèv Aselòm yo, mwen t ap di misye kouman m chonje tonton an; se kòmsi m ta di ou lè mwen menm, ou menm, Dyelifèt, Deliram, Mèsidye e tandòt ankò te konn reyini lakay li souvan pou vin tandem istwa. Mwen pa t gen chans pase lekòl nen gen yon seri bagay m te aprann nan men tonton Pyè, lè m rive nan klas Aselòm lan lotrejou li t ap fè istwa ak timoun yo. Monchè lè m di ou sa a, anpil bagay Aselòm montre timoun yo, tonton Pyè te konn pale de yo. Si tonton sa a te yon nèg save, yon nèg ki te fè klas menm jan ak Aselòm, granmoun sa a t ap twòp kòm yon filozòf. Donk, sa vin pouse m plis pou m koumanse aprann li ak ekri. Aselòm koumanse travay ak mwen; li ban mwen ti

leson patikilye. Ou wè tout sa misye gentan ekri sou tablo a pou mwen?

(Onèl) — A! Ou pa nèg ki nan dòmi Sonson! Konpliman monchè! Kontinye konsa. Se pa ti bagay mwen wè ki ekri la a non! Tout sa li ekri yo, tout se reyalite. Lè m te lekòl, yo pa t montre m bagay sa yo. Se vrè Istwa Dayiti Aselòm ekri sou tablo a. Bagay yo komik men an menm tan yo reyèl. Sòt Istwa Dayiti yo anseye m lè m te lekòl, gen kèk bagay ladan yo ki reyèl. Mwen kapab di ou istwa tèlkòm Endyen yo te nan peyi a anvan kolon yo debake, tout nèg ayisyen soti Afrik, Fransè yo te toujou nan tire pye ak Espayòl yo, se trete Riswik ki divize peyi a, Tousen ak Desalin te lite pou retire nèg nan esklavay, Chalmayperal te goumen ak Tonton Sam. Apre sa, yo di ou yon ti kaka chat sou chèfdeta ayisyen yo: Bwaye fè vennsenkan sou pouvwa, li te yon vandèdpeyi epi yo kontinye jouktan yo rive

sou Papa Dòk epi yo di Tonton an te touye pyan pou peyizan, li te yon bon papa; sa fini. Istwa se pa sèlman sa k ekri déjà, sa k te pase men se sa k pase chak jou, sa ou viv. Donk, gen anpil bagay ki fèt Ayiti pandan trantan sechrès la ke yo pa anseye ou lekòl; yo pa ekri yo nonplis nan liv. Se pa nèg save ki pa genyen pou ekri yo. Genyen ki okouran de yo men ki benefisyé de yo; donk, pwovèb la di: *lè w sou do bèf la, ou pa pale / mal.* Yon mo enpòtan m wè Aselòm ekri sou tablo a pou defini mesye sa yo se *entelektyèl / komokyèl*. Gen kèk save tou ki konsyan de yon seri ti bagay e ki pataje l ak pèp la. Anpil fwa m ap egzanminen lè m te lekòl, mwen wè m te yon sòt jakorepèt: tout kaka chat mèt la di, mwen repete l. Anpil fwa, yo pa anseye ou sa yo te dwe anseye, bagay ki reyèl. Mèt la di ou solèy la leve alès epi l kouche alwès. Ou jis repete dèyè l men ou pa ka mande misye kote zòrye ak kabann solèy la. Si ou ta di l sa, li ta di ou timoun

pa replike ak granmoun. Tandis ke solèy la pa janm fè yon pa kita, yon pan ago men se latè k ap vire anfas li. Fason yo anseye w la, soudevlope mantalite w, espesyalman si moun nan mezire sa l ap montre ou a. Se tip ansèyman sa a nou genyen Ayiti men gen kèk moun save ki konsyan e ki vle montre w yon reyalite menmsi yo riske vi yo pou fè sa. Aselòm se youn nan egzanp nèg save ki riske vi li pou l montre pèp la yon reyalite. Lè m ap gade mo kominis lan misye ekri sou tablo a, mwen chonje lè m te timoun m pral lekòl; yo toujou montre m ke tout bagay ki pa bon koresponn ak kominis, kominis yo pa kwè nan Bondye, kominis renmen fè lagè ak yon dal lòt tentennad. Chak moun dwe lib pou panse jan li vle men pa fòse yon lòt pou panse tankou ou. Kominis lan an reyalite, se pa yon moun ke l ye men yon seri ide ki nan avantay pèp la, ide kouman pou gouvèlman ta dwe distribuye byen pou tout moun ta souse yon zo, kouman li ta bon pou tout

moun chita bò tab la ap manje olye se kèk gress ki bò tab la epi rès la anba tab la. Si kominis lan te reyèlman yon moun, moun save ki li Labib ta di ke Jezikri te pi gwo kominis sou latè paske l te senpatize ak pòv yo. Sa pa vle di ke l rayi moun rich yo nonplis. Li pa t rayi Zache; li pa t rayi Laz. Jan mizè a ye la a nan peyi a, gen kote nan Pòtoprens lan ki gen manje an gaspiyay. Lè w ap gade abi y ap fè peyizan yo nan tout bouk, yo ouvè bouch yo pou di se twòp epi yo di se kominis yo ye. Se konsa yo eliminate anpil ladan yo déjà sou pretèks yo se kominis. Donk, yon moun ka konn li ak ekri men fòk li al pi lwen pou konprann reyalite bagay yo, fòk li pa egoyis tou, fòk li ta pataje sa l konnen ak sa yo ki pa konnen. N ap viv nan yon sosyete ki chaje ak koripsyon; se tankou m ta di ou yon kabann ki chaje ak pinèz. Anpil ta renmen bagay yo rete jan yo ye a, anpil ta renmen sechrès la toujou rete konsa epi pou y ap manje gra

pandan gen lòt ke trip yo ap kòde, y ap pèsekite yo, y ap pati aletranje e sa k pi rèd la se yon seri moun ki fè klas k ap aji konsa men se pa peyizan yo. Nan enpas Ayiti rive a, se pa peyizan pou yo blame; yo pa konn li, yo pa konn ekri, yo pa ka fè yon diskou magouy an franse. Peyizan an se yon inosan ke l ye. Se tankou yon timoun piti, kèlkeswa sa ou ba li, l ap mete l nan bouch li.

## UITYÈM CHAPIT

(Sonson) — Mwen tandé yon bri nan pòt la;  
gen lè se Aselòm konpè Onèl. Te m al gade.  
E kadè a?

(Aselòm) — Pa pi mal tonton Sonson. E  
moman an Onèl?

(Onèl) — Monchè, mwen gen tan fè bonjan  
ti pale ak Sonson.

(Sonson) — Mwen t ap di Onèl kouman  
bagay yo ye nan Pòtoprens; kouman moun  
sou tansyon ak espyon zenglendo, moun pa  
pale ak nenpòt moun nan lari paske ou ka  
disparèt. Dyelifèt ekri m; Onèl fèk sot li  
lèt la pou mwen. Li jwenn lèt mwen te voye  
ba li a. Monchè Aselòm, Onèl di m tonton  
Pyè ak Kenòl mouri. Se yon gress sèl mwen  
sot pran ak yon ti kafe anmè lè misye di m  
sa.

(Aselòm) — O! Tonton Pyè mouri! Kisa yo te genyen?

(Onèl) — Monchè Aselòm ou konnen tonton an te granmoun se vre men se yon tonton ki te toujou an sante. Bon, pa gen manje anba a donk, vye kò a di l pa kapab ankò. Kenòl menm, se tout moun ki te anbranl lè yo pran nouvèl ke zenglendo touye misye. Yo touye l yon senmenn anvan Mèsidye antre. Se youn nan gwo sezisman Mèsidye te fè lè l antre. Li fè yon senmenn ak konprès sou tèt li.

(Aselòm) — Podyab Kenòl! Zenglendo touye !! Jan Kenòl te yon bon vye malere; se yon nèg ki pa t janm nan kont ak pesonn. Yo pa gen okenn soupson de kriminèl sa yo?

(Onèl) — Bon nèg zenglendo sa yo se bagay si ou pa nan menm bann ak yo ou p ap janm konnen kouman yo fonksyone. Anpil moun te

konn kenòl, anpil te konn pran ponya nan men misye pou fè ti komès. Se nan men I Mèsidye te prete yon ti kòb lè li ta pral Nanpanyòl. Se chak jou Mèsidye ap repeste sa epi ou konnen se kouzen yo te ye. Monchè, bagay yo tèrib nan peyi a!

(Aselòm) — Kouman Mèsidye, Nènè ak Poulik ap degaje yo anba a?

(Onèl) — Bon, Mèsidye se yon nèg ki gen anpil ladrès. Rive I rive Kapòl, li gade jan bouk la ye epi vizite lòt bouk yo tou. Li pale ak anpil abitan nan plizyè bouk; li fè reyinyon ak yo. Se yon nèg ki gen yon seri bèl ide nan tèt li, bagay li wè Nanpanyòl ke I ta renmen wè Ayiti tou. Li di nan chak bouk abitan yo ap bezwen yon ponp dlo. Donk, misye fè abitan nan chak bouk koumanse sanble ti kòb pou achte yon pomp. Li fè abitan yo chwazi yon moun serye kòm sekretè pou kenbe kòb la. Sekretè a sipoze

bay rapò nan chak reyinyon. Li t ap pale sou sa nan veye a ak Nènè, Poulik kouman pou ede abitan yo. Lòt senmenn, li pral fè yon reyinyon. Moun ap soti nan tout bouk: Kapòl, Bèlvi, Kagoudèt, Tounad, Lasalin, Moriso, Kakanm ak Bèlè; chak sekretè ki reprezante bouk sa yo ap gen pou bay rapò sou kòman bagay yo ap mache. L ap tou pwofite prezante peyizan yo Nènè ak Poulik kòm moun k ap travay tètatèt ak li pou ede moun nan tout bouk sa yo. Mèsidye di tou l ap eseye kenbe kontak ak moun ki te kite bouk sa yo epi k ap viv nan dizyèm depatman an pou ka voye kontribisyon yo ak tout sipò posib. Tout abitan kontan pwojè sa a ki pral tanmen. Donk, rive m rive Matinik, depi Bondye fè m jwenn ti travay, m ap koumanse voye kontribisyon pa m.

(Aselòm) — Se jan de moun konsa nou bezwen nan peyi a, moun k ap ede peyizan yo. Lè w ap gade yon moun tankou Mèsidye

ki gen bël ide sa yo nan tèt li epi pou w ap gade yon seri moun save ki pou ta ede pèp la epi ou wè se magouy y ap fè pito; ou santi kè ou ap rache. Donk, se yon seri ewo tankou Mèsidye nou bezwen nan peyi a, nan tout bouk pou konbat sechrès la. Yon moun ka ede peyi a tout jan, osilontan li gen posiblite ak volante. Mwen menm, se ak pitit pèp la m ap travay; mwen ba yo lesong tanzantan, mwen anseye yo reyalite peyi a, mwen fè yo aprann panse. Pou Ayiti devlope, se tout moun ki pou ta ap travay ansanm këlkeswa nivo yo: peyizan oubyen moun save. Lòt gwo bagay ki bezwen chanje nan peyi a, se mantalite Ayisyen. Ayisyen an bezwen aprann panse yon lòt jan, li dwe koumanse panse a frè l yo, ede yo. Mwen diskite bagay sa yo ak tonton Sonson déjà. N ap viv nan yon sosyete ki chaje ak moun egois e sa k pi rèd la, se moun ki pase lekòl ki aji plis konsa paske peyizan yo toujou eseye travay nan tèt ansanm. Donk, gwo

chanjman an, fòk li koumanse fèt depi nan tèt rive nan pye. Lè moun sa yo k ap gouvène yo va di: ann chonje rès pèp la; li anba tab la toujou, ann sispann abize l, ann travay ansanm pou chanje figi Ayiti, ann panse yon lòt jan pou ede peyi a, lè sa a tout moun va koumanse pran sant yon bon Ayiti, yon Ayiti tout Ayisyen ka santi yo fyè de li.

(fen)

\*Nòt

*adios mio:* Bondye papa!

*problema:* pwoblèm

*callate:* Fèmen bouch ou!

*braseros:* Ayisyen k ap koupe kann Nanpanyòl.

*Safra:* Konpayi dominiken ki okipe l de zafè sik.